
DINAS KEBUDAYAAN (KUNDHA KABUDAYAN)
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

NOMER: 40/I-2021



Aksara Jawa Anjayeng Bawana

ISSN 2085-2673
9 772085 267005

jogja istimewa

UlukSalam

Kongres Aksara Jawa Mugi Tumanja



Salam Budaya
Lestari Budayaku

KONGRES Aksara Jawa I taun 2021 sampun dipunadani lan kalampah rancak. Parepatan lan pirembagan ageng punika sampun nuwuhaken katetepan ingkang kaangkah badhe damel pangrembakanipun aksara Jawa ing bebrayan agung. Tegesipun badhe damel panjurung ageng tumrap anggenipun sami ngagem aksara Jawa kangge sambung tulis ing gesang padintenan dening warga masarakat lan pamerintah.

Kundha Kabudayan DIY ingkang kajibah ngesuhi lumampahing Kongres inggih sampun caos panjurung dhumateng para sarjana nimpuna, para winasis parampara, para dwijatama, para pamengku lan pamangku aksara Jawa, saking tlatah sa indhenging Nusantara paring pemedhar sabda, paring wawasan lan penggalihan, panyaruwe wonten ing parepatan lan pirembagan mirunggan babagan aksara Jawa. Kundha Kabudayaan DIY ngaturaken agenging panuwun dhumateng sedaya kadang Panitia Kongres, para pamedhar sabda, lan para panyarta saking laladan DIY, Indonesia, lan manca nagari ingkang sampun temen tumemen paring wawasan, pengalaman, lan pemanggih engga Kongres lumampah rancak lan katetepanipun murakabi dhumateng kemajenganing budaya, mliginipun tumrap tlonjong tumajanipun aksara Jawa ing gesang padintenan.

Sedaya katetepan Kongres Aksara Jawa badhe tansah kaudi supados saged mawujud. Kanthi menika, Kundha Kabudayan DIY tansah tumut ngudi supados wonten program lan kegiatan ingkang jumurung dhumateng amanah katetepan Kongres. Aksara Jawa lan basa Jawa kedah tansah kaudi lestantun, ngrembaka, lan saged saya ngandelaken jatidhiri masarakat. Aksara Jawa ugi kinarya pratandha lan perbawa ageng tumrap lumampahing budaya, awit bangsa luhung tartamtu kagungan aksara tumrap basanipun. Aksara Jawa saged kinarya pusaka bangsa.

Majalah SEMPULUR wedalan nomer setunggal taun 2021 caos palaporan babagan pambyawara katetepan Kongres, kapetik ingkang wigatos dipunmangertosi warga masarakat, mliginipun babagan panyeratipun aksara Jawa. Mangga para maos saged mendhet wos wigatining sedya, bilih aksara Jawa kedah tetap lestari ngrembaka. Matur Nuwun.

Aris Eko Nugroho, S.P. M.Si.
Plt Kepala Dinas Kebudayaan DIY

Ringkes



Kongres ngemban jejibahan ngasilaken putusan strategis ingkang murakabi kangge ngrembakakaken aksara Jawi. Ajabipun kongres kasil nglairaken putusan ingkang nyata-nyata saged dipuntindakaken, sanes rekomendhasi ingkang angel dipuntrapaken dening pihak-pihak ingkang gadhah sesanggeman bab aksara Jawa. **8**

Wis dudu rahasia maneh yen ing bumi Nuswantara uga tinemu manekawarna jinis aksara, gumantung dhaerahe. Upamane aksara Batak ing Sumut, aksara Arab gundhul ing Riau, aksara Minangkabau ing Sumbar, aksara Lampung ing Lampung, aksara Jawa lan Sundha ing tanah Jawa, lan aksara Bali ing pulo Dewata.



15



Patuladhane Ngarsa Dalem IX mujudakenilai-nilai sing wis samesthine ditularake, disuwarakake, lan dadi pangerten (pengetahuan) sing bisa nginspirasi tumrap saben generasi. Ya patuladhan iki mau sing dadi inspirasi utawa idhe tumrap pameran senirupa (lukis) sing dilaksanakake ing Jogja Gallery Yogyakarta kawit 19 Maret-25 April 2021. Satrep karo kuwi sosok Ngarsa Dalem IX mujudake sosoksing paling pas. **20**

Pralambang guyub rukune driji lima uga ora kalah karo guyub rukune Pandhawa. Jempol ora ana gunane lamun driji lima ora gemrayah obah. Penuding iku kanggo panutan tumrap driji liyane.



42

KATERANGAN SAMAK NGAREP



Tari Angguk Putri Kulonprogo, nganti saiki tetep ngrembaka, saya akeh kadang taruna muda kang gegilut lan gegulang marang seni tradhisi rakyat iki. Gambar Tari Angguk nalika kabeber dening salahsawijining Desa Budaya saka Kulonprogo kang ngadani pentas Slasa Wagen ing Ruang Bima Kantor Dinas Kebudayaan DIY. Pentas digital kabyawara You Tube ing kanal tasteofjogja Dinas Kebudayaan. ***(foto-fit)***

tasteofjogja kebudayaandiy budaya.jogjaprov.go.id

PEMIMPIN UMUM ■ **Aris Eko Nugroho, S. P., M. Si..**| PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Rully Andriadi, S.S.** | KOORDINATOR REDHAKTUR ■ **Purwadmadi** | REDHAKTUR ■ **Dhanu Priyo Prabowo** ■ **Fadmi Sustiwi** ■ **Joko Budhiarto** | EDHITOR ■ **Sumarno** ■ **Akhiyadi** ■ **Firstanto DA** ■ **Hayu Avang** ■ **Yustiananta** ■ **Tinto Bondan** | SEKRETARIAT ■ **Setya Amrih Prasaja, S.S** ■ **Zita Uttungga** | LAYOUTER ■ **Ifit Khusnul**

ISSN 2085-2673

Kalawarti *Sempulur* kababar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta

mboten kasade

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legendha, crita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: **naskah.sempulur@gmail.com** utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

ALAMAT REDHAKSI
■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POSEL ■ **naskah.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

Brunjung

Manunggale Basa lan

Aksara Jawa

KONGRES Aksara Jawa 2021 ing Ngayogyakarta wus lumaku lan wus kasil nguwohake kaputusan. Kongres sing diadani dening Dinas/Kundha Kabudayan Daerah Istimewa Yogyakarta bisa nempukake lan nyawijekake perangan-perangan pandhemen basa, sastra, lan aksara Jawa sarta pungkasane bisa nglairake kaputusan. Kaputusan mau, pathi sarine, mrayogakake supaya aksara Jawa bisa sempulur lestari ing madyaning bebrayan agung Jawa, ora mung kanggo para kasepuhan bae, nanging mligine kanggo para generasi milenial. Ujub lan pangancase kang kaya mangkono mau, ora liya, supaya antarane tataran panulisan kreatif basa lan sastra Jawa bisa uga dilairake lumantar aksara Jawa sing dadi cihnaning basa Jawa. Kejaba kuwi, aksara Jawa bisa dadi pralambange masarakat Jawa ing babagan alam pikir sing manunggal. Tegese, nulis sastra Jawa bisa bisa dadi wutuh amarga antarane basa Jawa lan aksara Jawa bisa nyawiji. Kaya bangsa-bangsa liyane sing padha duwe akasara dhewe, iya bisa dadi bangsa sing santosa jalaran basa lan aksarane bisa salaras. Pangancas mulya nelakake berbudine sing padha ngayahi, mangkono antara masarakat Jawa lan aksara Jawa sing sabanjure bisa diwulangake kanthi becik lan bener ing madyaning pamulangan. **(dpp)**

Gambar



KARIKATUR BUDI SISWANTO

Mirunggan

BEKSAN AJISAKA

Ajining Wulang Aksara Imbang Uriping Manungsa

DR. KRT CODROWASESA, M.HUM.



Para paraga Beksan Ajisaka, cacah rong rakit, nalika ngadani gladhen ngolah gerak kang pratitis winengku paugeran kawruh joged Mataram. **(foto-kuswarsantyo)**

HAMIWITI beksa, bakda lampah tayungan majeng, suwuk para mataya lenggah. Sajroning lenggah kumandhaning kandha, kang nyuraosake isining **Beksan Ajisaka.** Wondene isine kandha:

"..... *Sebetbyar wauta, hanenggih* PRA ABDI *ingkang* BADHE CAOS *Beksa, sampnu samekta ing ngabyantara, awit saking Lilah Dalem, Kanjeng Sultan Hamengku Bawana ka 10, hangersake Beksa Ajisaka. Wauta, wondene tepa palupining beksa punika, sampun sinerat ing pesindhen sedaya, mangkana kang samya ngayahi beksa, yen sinawang Dyan Ajisaka, katon Agung Perbawanya*" .

Buka Gendhing AJISAKA. Sabanjure lumebu **Gendhing Ladrang Ajisaka** kang isa ndudut suasana Joged lan intoning Beksan Ajisaka kanga gung, lan nduweni perbawa.

Beksan Ajisaka iki rinipta adhedhasar sumber naskah kang jasalirani pribadi kaseerat dening Ngarsa Dalem Sri Sultan HB X. Dhawuh lumantar KPH. Notonegoro, kula pun Condrowasesa, (panyerat andharan punika) kadhawuhan supados sabiyantu lados caos naskah beksan saking andharan Ajisaka wau. Lampah panyerat saka teks parental kang sinerat Ngarsa Dalem, banjur rinumpaka dadi teks anyar bababan wulang "Kepemimpinan Ajisaka."

Aku ngayahi jejibahan iki kaampingi saperangan kanca Abdi Dalem ing Kawedanan Hageng Punakawan Kridha Mardawa, yaiku KMT Suryowasesa

kanggo ngewangi babakan trap trapane beksa, lan Mas Widodo Mondro, Mas Dwijo Suwanto kanggo nggoleki trap joged lan nglatih beksane.

Kang kajibah mranata gendhing Mas Susilomadya, dene babagan busana Kanjeng Suryo Amiseno. Paraga beksa, kadhawuhake marang 10 mataya kakung kabeh. Amarga kaangkah, juru tari 10 kakung bisa nuwuhke greged lan cocok karo pasemoning isi wulang ajaran Ajisaka ing naskah.

Peranganing Beksan

Beksan iki kapantha telung perangan kaya kang kalumrah paugeraning beksa gagrak Ngayogyakarta. Isine yaiku, (1) majeng beksa, (2) inti beksa lan dipungkasi (3) mundur beksa. Bagian purwa ngandharake samektane pribadi manungsa kang bakal nindakke pakaryan luhur. Ana ing beksa iki ginambarake Ajisaka kang duwe gawe arep yasa lan njlentrehke aksara Jawa: *ha-na-ca-ra-ka , da-ta-sa-wa-la, ma-ga-ba-tha-nga, pa –dha- ja-ya nya.*

Inti isining aksara Jawa kasebut ora liya mujudake angen-angen luhur kanggo pandome urip manungsa. Inti beksa ngandharake gambaran pacobaning urip, panggirigodhaning manungsa ing donya kang mung isa ditanggulangi kanthi adhedhasar kaimanan, kapercayan, tekat nyawiji, greged, sengguh lan ora mingkuh. Iku kabeh mujudake tekat golong gilig kanggo ngleksanakake jejibahan luhur. Pamrihe ing wekasane kudu disukuri manungsa supaya ajaran luhur mau isa dimangerteni kawula kabeh ing saindhenging bawana.

Gladhen Mirunggan

Sawise konsep lan naskah Beksan Ajisaka dadi, KPH Notonegoro dhawuh supaya kaadani gladhen mirunggan (training center, TC) ing Pesanggrahan Ambarbinangun. Kanca mataya (penari) cacah sepuluh, dirakit rangkep loro (cacah 20), supaya ana cadhangan ngawekani yen ana paraga kesel, lara, utawa ana alangan liyane. Kanca mataya cacah 20 kang kadhawuhan midherek gladhen mligi mirunggan.

Babagan wos kang kagladhi marang para mataya ing TC, yaiku babagan isineng joged (filosofi), makna simbol pasemon saben ragam gerak, teknik cara carane njoged panindake ragam gerak Ajisaka, lan babagan ngrasa gendhing kang kanthi luwih permati. Para mataya kudu buntas kawruh lan lampah jogete sajroning rong dina.

Ana ing gladhen khusus iki saben mataya kudu isa maragakake karepe joged kang wus kagatra, lan trep kulawan teknik sing wis dadi paugeraning Joged Mataram. KPH Notonegoro ana kalodhangan iki uga nylirani piyambak ndherek mbenerake yen ana mataya sing kurang disiplin babakan gerak utawa panindake kang kang kurang greged.

Aku minangka panyusun alur beksa lan struktur koreografi, wanti wanti karo para mataya supaya isa tetep sadhar ruang. Tegese senajan pola utawa komposisi Beksan Ajisaka iki ora kaya wanuhe Beksan Lawung utawa Guntur Segara, nanging beksan iki isa ngolah rasa, wirama lan tundhane pacaking joged isa jumbuh lawan karakter Beksan Ajisaka. Pungkasaning TC para mataya didadar siji-siji olah kaprigelaning beksa supaya isa manjing ing karakter Beksan Ajisaka.

Bakda diadani TC, banjur kaadani gladhen rutin kaping limalas, klebu gladhi kotor lan gladhi resik. Lumampahe gladhen sepisanan tanpa iringan, kapindo nganggo iringan katindakake saben perangan, supaya para mataya isa cepet anggone apal. Gladhen katindakake ing kagungan Dalem Bangsal Kasatriyan lan Srimanganti. Papan iki kanggo neter para mataya kang wis babar seka TC ing Ambarbinangun. Kang tundhane bisa disemuakake ing Kagungan Dalem Bangsal Pagelaran Kraton (5 Desember). Lan semuan kapindho katondakaken ing Bangsal Manis sajroning Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat.


Laku Spiritual

Kanggo nambah kapercayaan utawa sengguhe para mataya, sakdurunge tumapak gladhi resik para mataya lan pemucal, pranata gendhing lan busana, nindakake laku spiritual sowan ing Pasarean Kotagedhe lan Imogiri. Iki kabeh ditindakake supaya rasa ayem nindakke jejibahan bisa kasarira ing para paraga beksa lan pengrawit, munggahe para pangarsa produksi.

Nyekar sepisanan ing pasareane Panembahan Senopati lan Ngarsa Dalem Sri Sultan HB II ing Kotagedhe. Sabanjure tumuju Imogiri sowan ing makam Sultan Agung, Amangkurat, tekan Ngarsa Dalem kaping IX. Kabeh mau bisa kaleksanan widodo nir ing sambekala. Tradisi jiarah ana ing ngarsaning pepundhen Mataram kanggo murwakani semuan iki minangka ngleluri tradhisi leluhur.

Rakit Gelar lan Lampahing Beksan Ajisaka

Ragam gerak lan makna sarta pola lantai iki adheddasar isining joged. Sepisan hamiwiti rakit beksa diwujudake kaya aksara (latin) ha kaya ing ngisor iki:




Ragam gerak Beksan Ajisaka kapethik saka ragam baku kang ana ing beksan klasik gaya Yogyakarta. Kejaba, saperangan ragam gerak iku dirombak sethithik dadi ragam anyar kang disusun adhedhasar kabutuhane lan simbol kang ana ing adegane.

Ragam gubahan kuwi salah sijine ragam *sidhangan seling menjangan ranggah ukel asta*. Sing kapindho *sidhangan seling kinanthang*. Kejaba ragam liyane sing ora diowahi yaiku *kambeng, engkrang gantung* dan *kipat gajahan*.


Ragam Sidhangan kuwi dhewe nduweni makna gambarake donga utawa gegayuhan sing kalampahi kaya sikap tokoh wayang rikala samadi kanthi nyampirke sondher ing pundake. Sabanjure yen ragam iku diselingi nganggo *menjangan ukel asta*, maknane owah dadi luwih katon pitaya amarga, sakehing donga tuwuh dadi keyakinan kang turun-temurun dibaleni, dieling-eling lan tansah dilakoni. .

Sidhangan seling kinanthang duwe makna padha, nanging perangan sisipan *kinanthang* duwe pangangkah makna, sanajan perkara lan pepalang kang kudu katempuh abot lan rumpil, nanging sikap *nora mingkuh* kudu diwujudake nganggo dasar *nyawiji , greged lan sengguh* supaya gegayuhan bisa mawujudl.

Tata rakit sing mligi durung tau ana ing beksa liyane yaiku garis lurus vertikal minangka simbol nyawiji utawa manunggaling tekad. Kaya kagambar ing ngisor iki.



Rakit katelu sing mengku wigati ing Beksan Ajisaka yaiku *golong gilig* (lingkaran) kang ngemu suraos nyawiji ing sedya tumuju gegayuhan luhur. Ana ing rakit gelar iki Ajisaka ngandharake wejangan werdining aksara Jawa hanacaraka. Kaya kang diwujudake kanthi ragam gerak lan kandha ing ngisor iki.



Ana ing rakit lingkaran iku, Ajisaka dumunung ing tengah adhep adhepan. Siji lampah *joged kambeng* kaya dene paugerane kambeng, wondene sijine nindakake kanthi ngedhe utawa kaya neng pengilon (ngidhal). Iki mujudake loro-loroning atunggal kanggo tokoh Ajisaka. Sabanjure isining andharan ajaran Ajisaka bisa diwaos ana ing kandha kang dibarengi karo ragam gerak kang nyimbolake kahanan isi ajaran mau.

Ragam Muryani busana den andharake kanthi kandha:

Cipto kang luluh ing manungsa, Mahanani nduweni kalantipan, Kaprigelan, kapinteran, lan keluwihan Mangkana Dyan Ajisaka arsa medhar karsanira, jumbuh kalian busananira .....

Ragam Miwir Bara, anggambarake **sakabehing dumadi,** *mesti kena ing wates lan winates, uga bisa kataman lara lan pati, ananging uga kadunungan kaluwihan, kang siji lan sijine pada gumantungan, mugya dadi tetimbanganing manungsa*.....

Ragam Ningseti Udhet, mengku makna kanggo *katetepaning manah, mahanani manungsa nduweni kanepson, tekad lan keteguhan , hamujutaken gegayuhan luhur, mangkana Dyan Ajisaka, sareng mulat pra wadyanira, arsa ningseti udhetira*.....

Ragam Ukel Tawing, mengku suraos *kekajenganing manungsa, kadunungan sipat kaprawiran, kawidigdan, lan ketertipan, Pungkasaning saged ndadosaken manungsa nggadhahi Purba lan wasesa, mugya tansah dadya pepeling.... Makna pungkasan ii sing dadi intine beksan ajisaka ing tembe isa tinulat mring para kawula saendhenging bawana.*

Sumber Garap Beksa

Sumber garap Beksan Ajisaka hangiblat marang tari klasik gaya Yogyakarta, kang wus dikembangake seka konsep beksan sekawanan (4 orang). Nanging ing Beksan Ajisaka iki ditindakake rong pasang saengga dadi wolu, ditambah loro tokoh Ajisaka. Tokoh Ajisaka iki senajan loro nanging sakjatine siji. Loro kuwi nggambarke sifat habluminallah lan habluminannas, kang diduweni kabeh manungsa.

Kanthi isining makna kuwi mataya Ajisaka gunggung ana 10 uwong kanthi karakter gagah. Garap koreografi Beksan Ajisaka iki ngiblat marang beksan bedhaya yaiku nganggo tata rakit maju kapang- kapang, bukak lajur kanggong inti beksa lan sabanjure ana seselan suwuk lan diiseni bawa sekar minangka intine beksa.

Ragam Gerak Beksan Ajisaka kaperang, ragam gerak baku lan ragam gerak gubahan. Yaiku, (1) Ragam Kambeng lan ragam gubahan. sidhangan seling menjangan, seling kinanthang. (2) Ragam gerak baku wadya: Bapang lan ragam gubahan sidhangan seling kinanthang, seling menjangan, engkrang gantung



(foto-foto: Channal YTB Kraton Yogyakarta)

Ragam bapang Beksan Ajisaka ora padha karo bapang wayang wong kang nggambarake sifat kasar brangasan. Bapang ing Beksa Ajisaka dijupuk seka makna bapang kang tegese keseimbangan. Imbang antarane habluminallah lan habluminanas. Bapang pindhane kaya bapang ragangan layangan supaya imbang kiwa tengene, ngisor dhuwure. Kabeh cundhuk marang sedya luhur, gesang imbang memetri ing antarane panembah marang Gusti lan pasrawungan ing bebrayan agung. ***

KRT CONDROWASESA
(Dr. Kuswarsantyo, M.Hum),
abdi dalem KHP Kridha Mardowo Kraton Ngayogyakarta,
Ketua Program Studi Magister Pendidikan Seni,
Anggota Dewan Kebudayaan DIY.

Kongres Aksara Jawa I-2021

Pangudi Mekar Sumebare Kagunan Bangsa



Kongres Aksara Jawa I (foto-dok disbud)

NASIBIPUN aksara Jawi taksih nungsang njempalik. Ingkang ngginakaken basa Jawi kangge sambung rembag punika taksih kathah, watawis 70 yuta warga kususipun ing Ngayojakarta lan Jawa Tengah. Nanging ingkang mangertos saha paham aksara Jawi sekedhik sanget, punapa malih ingkang kulina ngginakaken kangge komunikasi saben dintenipun.

Punika ingkang dados sorotan ing salebeting Kongres Aksara Jawa I, ingkang dipunadani Kundha Kabudayan Daerah Istimewa Yogyakarta ing Hotel Grand Mercure Ngayojakarta, wulan Maret kala wingi. Para pengageng lan winasis ingkang rawuh ing kongres sami sarembag aksara Jawi kedah dipunlebetaken platform digital supados saget ngrembaka.

Kados ingkang dipunngendikakaken Menteri Pendidikan dan Kebudayaan, Nadiem Makarim, pambudidaya kangge mekaraken aksara Jawi kecandhet kahanan masarakat ingkang sampun kebacut kulina ngginakaken aksara Latin kangge sambung rembag mawi seratan. Kemdikbud tansah paring panjurung tumrap masarakat supados ngginakaken basa lan aksara Jawa. Karana salebeting basa lan aksara Jawi kathah piwucal perkawis budi pekerti. Saengga mbiasakaken ngginakaken basa lan aksara Jawi ateges sami kalian mekaraken wulang wuruk budi pekerti.

"Kemdikbud lagi nggarap rancangan wujud platform digital kanggo ngrembakakake budaya lokal. Rancangan iki laras karo salah siji isu strategis sing bakal digarap sajrone Kongres Aksara Jawa. Pangarep-arep aksara Jawa bakal ngrembaka bisa kasembadan uger bisa dianggo mawa platform digital," wicantenipun Nadiem ing pambuka kongres.

(foto-fit).

Sarujuk kalian Nadiem Makarim, Gubernur Jawa Tengah, Ganjar Pranowo mawas yen jagat digital dados papan pandadaran tumrap eksistensi aksara Jawa ing satengahipun masarakat. Ganjar pengin wawan pangandikan kalian pihak-pihak ingkang kagungan grengseng tumrap aksara Jawa, ngiras pantes urun rembag amrih majengipun aksara ing jaman digital.

"Kabeh kudu bisa ndeleng githoke dhewe kanggo ngerteni eksistensi aksara Jawa. Adiluhung thok ora cukup. Muspra yen kabudayan iki ora bisa ngrembaka. Kita ngantu-antu pamanggih lan pepadhang Panjenengan sami supaya awake dhewe ora kelangan jawane," ngendikanipun Ganjar teges.

Gubernur DIY, Sultan Hamengku Buwono X ngendika, Pemda DIY sampun ngayahi maneka werni pambudidaya ingkang wonten gandheng cenengipun kalian aksara Jawi. Upaminipun Digitalisasi Aksara Jawa ing Desember 2020. Saderengipun, Pemda DIY ugi ngedalaken Aplikasi Baca Tulis Aksara Jawa Versi 1.0 ing 2013 lan Versi 2.0 ing 2014. Dumugi taun 2020 pungkasan, aplikasi punika sampun dipunundhuh kaping 10.000 langkung.

Wondene Advisor for Communication and Information United Nations Educational, Scientific, and Cultural Organization (UNESCO) Office in Jakarta, Ming-Kuok Lim mratelakaken menawi wiwit taun ngajeng UNESCO badhe ngayahi International Decade of Indigenous Languages 2022-2032. UNESCO nyanggemi ngayomi, nyengkuyung, ngenalaken, ugi mariwarakaken sedaya basa asli ing donya, kalebet basa Jawa saaksaranipun.

Ing Indonesia, miturut Lim, rancangan punika dipuntindakaken kanthi ngrembakakaken *multilingual system* ing pinten-pinten dhaerah. UNESCO gadhah gegadhangan basa lan aksara Jawa boten namung kangge sambung rembag ing satengahe masarakat, nanging ugi dados srana komunikasi ing kantor-kantor lan acara resmi.

"Panyengkuyung saka kabeh stakeholder tansah diarep-arep amrih mekare aksara Jawa. UNESCO uga njurung basa lan aksara Jawa bisa digunakke ing maneka warna platform online," ginemipun Ming Kuok Lim.

Sasampunipun pambuka dipunadani talkshow kanthi pamicanten pengageng Kraton Ngayojakarta KPH Notonegoro, Yustinus Kristianto Widi Wardono saking Badan Standar Nasional, Yudho Giri Sucahyo pimpinan Pengelola Nama Domain Indonesia (Pandi), lan filolog (pralabda basa, kabudayan, pranata, lan sujarah) KRT Manu J Widyaseputra.



Kongres Aksara Jawa I ***(foto-dok disbud)***

Miturut Sultan, estunipun aksara Jawi sampun siap dipundamel versi digital, amargi sampun mlebet dhaptar Unicode wiwit 26 taun kepengker. Sami kalian aksara sanes ingkang sampun misuwur ing jagat internasional, kados dene hierogliph (aksara Mesir kina).

Ketua Tim Kongres Aksara Jawa I, Setyo Amrih Prasojo ngendika, sangkanipun para panyarta kongres saking Daerah Istimewa Yogyakarta, Jawa Tengah, Jawa Timur, Jawa Barat, Banten, DKI Jakarta, Bali, Sumatra, Kalimantan, lan Hong Kong. Kongres ngemban jejibahan ngasilaken putusan strategis ingkang murakabi kangge ngrembakakaken aksara Jawi. Ajabipun kongres kasil nglairaken putusan ingkang nyata-nyata saget dipuntindakaken, sanes rekomendhasi ingkang angel dipuntrapaken dening pihak-pihak ingkang gadhah sesanggeman bab aksara Jawa.

"Salah siji sing diancasi yaiku aksara Jawa diakoni dening masarakat internasional, upamane bisa digunakake kanthi digital," ujaripun Amrih.

Kongres dipunlajengaken sidhang sekawan komisi. Saben komisi ngrembag bab-bab ingkang dipunsedya, inggih punika transliterasi, tata tulis, digitalisasi, lan kebijakan. Komisi I netepaken standarisasi transliterasi aksara Jawi ing aksara Latin ingkang dipunsebat Javanese General System of Transliteration (JGST), transliterasi aksara Jawa ing aksara Pegon, lan Pedoman Umum Jawa Latin.

Komisi II netepaken pandom seratan aksara Jawa ingkang dipunperang dados kalih gagrak, inggih punika tradisional lan prasaja. Komisi III netepaken standarisasi papan tombol aksara Jawi ingkang pun sukani nama Nataksara lan standarisasi fon aksara Jawi. Wondene Komisi IV ngusulaken wontenipun tim kangge ngampingi lan ngawal putusan kongres amrih dipunwujudaken minangka pranatan pamarentahan. **(dik)**

KPH. NOTONEGORO:

Kongres Aksara Jawa Nuwuhake Mufakat Wigati lan Migunani

MAJALAH SEMPULUR kaparingan wektu kanggo wawancara singkat KPH Notonegoro. Pengageng Kawedanan Hageng Punakawan Kridha Mardoro Kraton Ngayogyakarta Hadinigrat ini salah sawijining kalebu priyagung kang ngirit nuntun dumadine Kongres Aksara Jawa I, 22-26 Maret 2021 kepungkur. Wawacara nalika SEMPULUR pinanggih ing Sositet Taman Budaya, Kemis 20 Maret 2021.

Kongres Aksara Jawa sampun purna. Punapa wigatosing makna tumrap Ngaogyakarta, Kanjeng?

Satemene, Kongres Aksara Jawa ora mligi tumrap Ngayogyakarta, nanging kaangkah kagem sedaya para ingkang sami migunakake aksara Jawa. Kagem masarakat panyengkuyung aksara Jawa. Kang padha migunakake aksara Jawa ing jaman iki, apa meneh yen bakal dilestatunake, dibyawara anggone ngagem aksara Jawa tumrap kalangane generasi mudha, satemene butuh pakem paugeran kang baku, utawa standar baku tata tulis aksara Jawa, kang bisa dadi babon pedhoman penulisan aksara Jawa. Na, tumekan wektu wingi kuwi, durung ana bebadan kanggungan madhat wenang ngendog, mutusake, pakem paugeran baku mau. Mula banjur kaadani Kongres supaya standar tata tulis aksara Jawa bisa mawujud kanthi musyawarah mufakat sedaya para pemangku. Kongres ingkang ngasilaken konsensus. Kesepakatan lan kesepahaman.

Kalebet wontene kupiya digitalisasi aksara Jawa supados wanuh manjing teknologi. Caranipun?

Kedah ugi dipunpethuk, dipunpapag wotene era teknologi digital. Tata tulis ing era virtual, sarwa sarwi digital, inggih ing babagan program, platform, ugi aplikasinipun. Piranti-priantinipun. Aksara Jawa kedah saget dipunakses, dipunrakit, dipuntulis lan dipun waca mawi sarana digital. Kados enggal kapenggalih lan mawujud wontene keyboard komputer mligi kagem aksara Jawa. Menawi boten dipunp-enggalih wiwit sapunika, samangke badhe kepancal, kentun saking kamajengane teknologi. Menawi nganti ketun ing teknologi, temah betah wragat sakalangkung ageng menawi badhe nguyak nututi.

Menawi boten saget nututi teknologi aksara Jawa saget musna, Kangjeng?

Leres. Kedah dipuntata pratitis anggenipun nyawiji manunggal ing teknologi. Kongres Aksara Jawa wingi kuwi uga dadi sangu lan pawitan Yogya ing babagan srawung lan diplomasi budaya. Yogya wis kagungan inisiatif ngajak para pemangku kepentingan aksara Jawa sarembug, musyawarah, mufakat. Sadurunge Kongres tuwuh rasa tidha-tidha, aja-aja dhaerah-dhaerah liya ora nyengkuyung. Kasunyatane, dhaerah Jawa Tengah, Jawa Timur lan dhaerah-dhaerah liyange adreng nyengkuyung. Kongres Aksara sami dipunsengkuyung. Lha iki ya bisa dadi sejarah. Kongres Aksara Jawa sepisanan kang kaadani ing Yogyakarta, nyata ana keputusan pemufakatane. Kongres bisa dadi prestasi lan prestise Yogyakarta. Monumental.

Tindak lanjut Kongres saenipun kados pundi Kangjeng?

Ing babagan teknis administratif, keputusan-keputusan Kongres enggal katata purna, jangkep, wutuh. Wujud cetha lan gumathok. Keputusan Kongres banjur bisa kanggo cekelan pawitan pikuwating rembug samengko nalika ana Kongres Basa Jawa, mligine ing Komisi Aksara. Pamrihe, keputusan Kongres Aksara Jawa bisa dadi pikuwate Kongres Basa Jawa. Dadi Kongres Aksara Jawa iku dudu kongres tandhingan Kongres Basa Jawa kang wus lumampah makaping-kaping. Komisi Aksara Jawa ing Kongres Basa Jawa bisa kagungan konvensi aksara Jawa kang karakit saka parepatan lan pirembahan ageng, musyawarah mufakat Kongres. Sedaya puniki sampun kados kerja awal kerja mrantasi, ingkang sampun nuwuhake mufakat babagan pakem paugeran panyerate aksara Jawa, Kongres Basa Jawa kadose kari kethuk palu, ngedhog.



Tindak lanjut babagan Program, Kanjeng?

Damel program supaya aksara Jawa kapigunake sumebar. Saya akeh lan warata kang kersa ngagem aksara Jawa. Apa maneh era tekonologi, jamane aksara kang kudu mlebu ing standar unicode, standar nasional, standar ISO, lan standar universal liyane. Aksara Jawa ora kena ketinggal. Aksara Jawa digital wis ora kena tinampik, ora isa kaendhani. Kudu dilakoni, malah mengkone aksara Hawa sing manual ngetut aksara Jawa digital. (**pdm)**

(foto-fit)

KONGRES AKSARA JAWA I YOGYAKARTA

“Aksara Jawa Hanjayèng Bhawana”



Kongres Aksara Jawa I
(foto-dok disbud)

KONGRES Aksara Jawa I ingkang ginelar ing madyaning kawontenan pageblug Corona – 19 punika linampah kanthi cara luring lan daring. kirang langkung wonten udakara sèwu ingkang ndhèrèk nggrenggani adicara punika. gregeding para pandhèrèk kongres punika katingal sakawit nalika pendaftaran ngantos dumugi wasana. malah kepara rèhning saking kathahipun ingkang kepéngin sanget ndhèrèk kongres punika, mila para kadang panawung kridha lajeng rumaos prelu ngawontenaken pamilihan bakal calon pandhèrèk adicara punika. Pramila pandhèrèk ingkang saged rawuh wonten ing papan gumelaring adicara namung winates kalihatus pandhèrèk, tirahipun mlebet pinangka pandhèrèk daring.

Kongres Aksara Jawa I punika lumampah kathi rancag, pirembagan – pirembagan ingkang wonten boten sanès inggih naming badhé ngupakara kados pundi aksara Jawa punika saged kuncara ing madyaning jagad digital. bab punika jumbuh kaliyan pangangkah lan ancas ginelaripun kongres punika.

Kados ingkang sampun kawuningan sasarengan bilih adicara punika ginelar salebeting pageblug Corona-19, lampahipun kongres temtu kémawon badhé bènten kaliyan kawontenan padatan saben nalika boten wonten kawontenan pageblug ngaten punika, adicara saged kaadani kanthi gangsar èstunipun ugi kapurba déning patembayatanipun kanca panawung kridha ingkang sinengkuyung déning :

1. Pamaréntah Dhaérah Istiméwa (*Pemerintah Daerah Istimewa*) Yogyakarta lumantar Kundha Kabudayan (Dinas Kebudayaan) DIY.
2. PANDI (*Pengelola Alamat Domain Internet Indonesia*).
3. Paheman Kadang Dwija Basa Jawa (Musyawarah Guru Mata Pelajaran Bahasa Jawa) tataran SMP lan SMA/SMK ing Ngayogyakarta, lan ing tlatah wewengkon Jawa Tengah lan Jawa Wétan.
4. Paguyuban Aksara Jawa (*Komunitas Aksara Jawa*) SEGAJABUNG ing Ngayogyakarta, lan paguyuban - paguyuban aksara sanèsipun; GEBERJAWA, JAVAHOLIC, lsp.
5. MMTC Liputan Massal Genk Kobra, lan sedaya ingkang sampun paring panyengkuyung sanèsipun ingkang boten saged kapiji satunggal baka satunggal.

Temtunipun, tanggung jawab ageng ingkang badhé sinampir sasampunipun adicara kongres punika ginelar saèstu boten bab ingkang gampil punapadéné sepélé, mliginipun bab biwaranipun asiling kongres ingkang kalebet babagan putusan - putusan ingkang sampun kasil dados pasarujukan sasarengan.

Katetepan Kongres

Caos uninga ing Kongres Aksara Jawa I punika, mliginipun ing **Kumisi I** (kumisi ingkang ngrembag bab tata panyeratan alih aksara Jawa - Latin), parepatan kumisi I anetepaken lan mutusaken;

1. Anetepaken tata alih aksara Jawa – Latin, aksara Jawa ingkang dipunkersakaken inggih aksara Jawa ingkang lumebet wonten ing *Consortium Unicode* ingkang mapan ing slot kode A980 – A9DF. alih aksara Jawa mawi latin punika dipunkanthèni mawi pasangan – pasangan aksara Jawa adhedhasar serat Mardi Kawi, lan salajengipun jinangkepan aksara Jawa ingkang wonten salebeting serat – serat sanèsipun. Tata alih aksara punika dipunginakaken kanggé kapinujon alih aksara Jawa ing latinipun ingkang mawi patokan internasional. Tata alih aksara punika ingkang samangké winastan JGST *(Javanese General System of Transliteration)*.
2. Anetepaken lan mutusaken tata éja panyeratan aksara Jawa Latin, liripun tata panyeratan bahasa Jawa ingkang angginakaken aksara Latin, tanpa wonten gandhèng cènèngipun kaliyan seratan basa Jawa ing aksara Jawanipun, tata éja punika dipunwastani PUJL (Pedoman Umum Jawa Latin).

Wondéné asiling parepatan ing **Kumisi II** (kumisi ingkang ngrembag bab tata tulis aksara Jawa), parepatan kumisi II anetepaken;

1. Tata panyeratan aksara Jawa ingkang kaginakaken, kalebet gunggunging aksara kajumbuhaken kaliyan gunggung lan wujuding aksara Jawa ingkang wonten slot Unicode A980 - A9DF.
2. Tata panyeratan aksara Jawa ingkang samangké badhé kagelar pinara wonten kalih pérangan, inggih punika cara lawasan (*traditional*), lan kanthi cara prasajan (*simplified*).
3. Tata panyeratan aksara Jawa kanthi cara lawasan *(tradisional)* inggih punika, pinangka asil racikan saking tata cara lawas kakawin (kados ingkang rinembag ing serat Mardi Kawi), ingkang taksih ngugemi golonganing warga aksara, wujud aksara limrah lan dirgha sasandhanganipun swara, punapadéné jumbuhipun aksara lan pasanganipun piyambak - piyambak, kadosta;

Wyanjana

Aksara		Rumi	
Wyanjana	Pasangan	JGST	PUJL
ꦧ	◌ꦧ	ba	ba
ꦨ	◌ꦨ	ḅa	bha
ꦚ	◌ꦚ	ña	nya
ꦣ	◌ꦣ	dha	dha
ꦝ	◌ꦝ	ḍa	dha
ꦯ	◌ꦯ	sa	sa
ꦰ	◌ꦰ	ṣa	sa
ꦕ	◌ꦕ	ca	ca
ꦕꦿ	◌ꦕꦿ	cha	cha

Swara limrah

Aksara		Rumi	
Wyanjana	Pasangan	JGST	PUJL
ꦄ	◌ꦄ	a	a
ꦆ	◌ꦆ	i	i
ꦇ	◌ꦇ	i	i
ꦈ	◌ꦈ	u	i
ꦌ	◌ꦌ	é	é
ꦉ	◌ꦉ	u	u
ꦍ	◌ꦍ	ṛ	re
ꦏ	◌ꦏ	ḷ	le

Swara dirga

Aksara		Rumi	
Wyanjana	Pasangan	JGST	PUJL
ꦄꦴ	◌ꦴ	ā	a
ꦇ	◌ꦇ	ī	i

ꦈ	◌ꦈ	ū	u
◌ꦺꦴ	◌ꦺ	ai	ai
◌ꦏꦴ	◌ꦏꦴ	au	au
◌ꦿꦴ	◌ꦿꦴ	ṛö	re
◌ꦷꦴ	◌ꦷ	ḷö	le

sandhangan swara

Sandhangan Swara		Rumi			
Limrah	Dirgha	JGST		PUJL	
	◌ꦴ	ā		a	
	◌ꦃ	ā		a	
◌ꦶ	◌ꦷ	i	ī	i	i
◌ꦸ	◌ꦹ	u	ū	u	u
◌ꦼ	◌ꦽ	é	ai	é	ai
◌ꦺ	◌ꦺꦴ	ĕ	ö	e	e
◌ꦺꦴꦃ	◌ꦺꦴꦃ	o	au	o	au

4. Tata panyeratan aksara Jawa kanthi cara prasajan (simplified) inggih punika, racikan tata panyeratan aksara Jawa saking paugeran Sriwedari lan KBJ II Malang.

Kumisi III,(kumisi ingkang mligi ngrembag tata rakiting aksara Jawa ing jagad digital lan kaca maya). Wondéné putusan ingkang dipunasilaken ing parepatan kumisi tiga ing antawisipun;

1. Mutusaken lan anetepaken standarisasi fon aksara Jawa.
2. Mutusaken lan anetepaken standarisasi papan ketik aksara Jawa.
3. Ngajengaken standarisasi fon lan papan ketik aksara Jawa dhumateng Badan Standarisasi Nasional (BSN).

Kumisi IV, (kumisi ingkang ngrembag bab-bab ingkang wonten gayutipun kaliyan kawicaksanan, wondéné asiling parepatan ing antawisipun;

1.Koggrès;

a. Konggrès salajengipun damel Tim Pendampingan lan Pengawalan asiling Konggrès kanggé ngoyak wontenipun angger - angger bab pranatan aksara Jawa.

b. Tim Pendampingan lan Pengawalan asiling konggrès kalebet ing antawisipun;

- Parampara (Birokrasi)
- Para Sujana (Akademisi)
- Hukum
- Praktisi
- Pamangku Budaya (Kraton lan Pura)

c. Tim Pendampingan lan Pengawalan asiling konggrès énggal - énggal damel rancangan pawiyatan kanggé ngecakaken sedaya asiling konggrès.

d. Konggrès anetepaken wekdal saha titi wanci konggrès salajengipun.

e. Anetepaken saben surya kaping 22 Maret pinangka pèngetan dinten aksara Jawa.

f. Anetepaken dinten panganggéning aksara Jawa ing dinten Kemis Paing saben sasinipun.

2. Bab Parampara (birokrasi)

a. Anyusun angger - angger kalenggahaning aksara Jawa ing tataran pusat punapadéné dhaérah.

b. Pangreksaning aksara Jawa kalebet ing Pelindungan, Pengamanan, Penyelamatan, Perawatan, Pengaturan lan Pengawasan.

c. Damel babadan Aksara Jawa

d. Damel sanggar - sanggar pasinaon aksara Jawa.

3. Bab Pasrawungan

a. Babrayan agung nggadhahi hak lan kuwajiban anggènipun ngginakaken aksara Jawa punika kanthi raos mongkog.

b. Babrayan agung sageda tansah ngulinakaken pangangganèning aksara Jawa ing saben dintenipun.

4. Bab Pawiyatan

a. Pambudidaya murih aksara Jawa sageda ngrembaka ing madyaning kulawarga, babrayan, lan instansi.

b. Pambudidaya murih aksara Jawa salebeting pasinaon - pasinaon ing tataran pawiyatan andhap, madya, punapadéné pawiyatan luhur, kanthi cara;

- Panyusunan Kurikulum,
- Nyamektakaken bahan Ajar, lan tata cara pasinaon sanèsipun.
- Ningkataken kagunanipun para kadang dwija basa Jawa, mliginipun bab aksara Jawa ingkang jangkep.

Makaten sapérangan bab - bab ingkang magepokan kaliyan sampun ginelaripun konggrès aksara Jawa I ing Ngayogyakarta.***

Oncek-oncek ꦆꦤ꧀ꦕꦼꦏ꧀-ꦆꦤ꧀ꦕꦼꦏ꧀



Mekarake Panganggone Aksara Jawa kanggo Nggayuh Kedhaulataning Budaya

SARWORO SUPRAPTO

PARA sutresna drakor (drama Korea), jinising film Korea kang digiyarake televisi apadene bioskop layar amba, mesthi apal banget yen para paragane anggone nulisake SMS *(Short Message Service)* apadene WA *(WhatsApp)* ing *handphone* android-e mesthi nganggo basa Korea kang uga ditulis mawa aksara Korea (*hanja*). Durung tau diprangguli, ana paraga drakor kang anggone nulis SMS apadene WA ing telpun gegeme nggunakake basa Korea kang ditulis mawa aksara Latin.

Kahanan kang padha uga tinemu ing drama-drama Cina apadene Jepang kang diprodhuksi ing wektu pungkasan, kang panguripane para paragane wis direnggani alat komunikasi awujud telpun gegem android. Para paragane anggone nulis WA uga mawa basa Cina kang ditulis nganggo aksara Cina utawa aksara Han (hanji) apadene basa Jepang kang katulis nganggo aksara Jepang (kanji).

Ing negara Korea, Tiongkok lan Jepang, basa ora kapisahake karo aksarane. Ana ing lembaga pendhidhikan formal, basane bangsa lan aksarane urip nyawiji. Para mahasiswa saka Indonesia kang ngangsu kawruh ing universitas-universitas Jepang, upamane, nyritakake yen anggone nulis skripsi, tesis apadene disertasi, umume nggunakake basa Jepang kang katulis mawa aksara kanji. Ewasemono ora ateges para mahasiswa ing Jepang, ora bisa nggunakake basa Inggris utawa basa manca liyane kang katulis nganggo aksara Latin.

Konsekuensi dadi basa sub-nasional

Wis dudu rahasia maneh yen ing bumi Nuswantara uga tinemu manekawarna jinis aksara, gumantung dhaerahe. Upamane aksara Batak ing Sumut, aksara Arab gundhul ing Riau, aksara Minangkabau ing Sumbar, aksara Lampung ing Lampung, aksara Jawa lan Sundha ing tanah Jawa, lan aksara Bali ing pulo Dewata.

Nalika semana, yaiku sadurunge Indonesia mardika, utawa utamane sadurunge bangsa Walanda ngenalake sistem pendhidhikan modheren kulonan ing tanah Hindia-Belanda, panulise basa dhaerah isih nganggo aksara dhaerahe. Buku-buku basa Jawa kang weton sadurunge kamardikan, mligine kang kacithak sadurunge Sumpah Pemudha (1928), minanka conto, isih akeh kang katulis nganggo aksara Jawa.

Sawise Indonesia mardika, panguripane aksara Jawa saya kapisahake karo basane. Bab iki mujudake konsekuensi logis saka kalungguhane basa dhaerah kang mung minangka basa lokal utawa basa sub-nasional. Basa dhaerah pancen isih diwenehi papan kanggo mekar, lan panguripane uga disengkuyung negara -- kaya kang kasebut ing konstitusi – nanging panganggone aksara diselarasake karo kebutuhane. Orta ditengenake maneh.

Amarga sistem pendhidhikan apadene sistem kemasyarakatan sawise kamardikan luwih nengenake ajuning ilmu pengetahuan lan teknologi, kang didhasari panganggone basa Indonesia apadene basa manca (kang katulis nganggo aksara Latin), otomatis panguripane basa dhaerah lan panganggone aksara dhaerah uga surut. Intine, kudu ana basa lan aksara kang kudu diprioritasake kanggo nggayuh kemajuan ing sadhengah bidhang panguripan.

Ing Jateng, DIY lan Jatim, sawise ana Kongres Basa Jawa (KBJ) kang kawiwitan ing Semarang (1991) lan kagelar kanthi rutin saben 5 taun sepisan kanthi giliran, pancen wis ana ada-ada nggrengsengake maneh pamulangan basa Jawa kanthi ora ninggalake panganggone aksara Jawa. Emane ikhtiyar mau durung menehi asil kang maremake.

Sawise lair UU Keistimewaan DIY (2012), ikhtiyar nguripake lan nggrengsengake panganggone aksara Jawa kanggo nyengkuyung mekar ngrembakane kabudayan Jawa, digiyatake terus. Kupiya nyawijekake aksara Jawa karo basa Jawa lan kabudayan Jawa, diikhtiyarake lumantar manekawarna kegiyatan. Apamaneh ajuning teknologi informasi wis bisa kanggo nyengkuyung usaha kasebut.

Usaha mekarake panganggone aksara Jawa duwe ancas amrih ing lingkungane masyarakat lan kabudayan Jawa cinipta kedhaulatan budaya. Wose, kanthi nggunakake aksara Jawa ing panguripan padinan, kanggo nulis basa apa wae, kabudayan Jawa duwe kedhaulatan utawa hak nemtokake dhirine. Kedhaulatan mau awujud kedhaulatan budaya, dudu kedhaulatan politik, saengga ora ana pepinginan babar blas kanggo nguwasani budaya liya. Paling ora, kedhaulatan budaya mau mung winates ing dhaerah mekar ngrembakane kabudayan Jawa.***

SARWORO SUPRAPTO,
sutresna basa lan sastra Jawa.

ADAT BOJAKRAMA KRATON

Akulturasi Jawa-Landa Babagan Pesta





Tradhisi pesta utawa pasamuan ing Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. **(foto-fit).**

Piranti lumampahing tradhisi pasamuan pesta Kraton Ngayogyakarta **(foto-fit).**

DHAHAR kembul. Budaya dhahar bareng nanggo sekul kanthi lawuh sayuran sarta kewan unggas isih dari tradhisi pesta utawa pasamuan ing Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Ewa semana Sultan Kraton Ngayogyakarta wiwit Sultan Hamengku Buwana I kang jumeneng 1755–1792 wis sering nampa tampa Landa utawa bangsa Eropa liyane, uga ngurmati budaya tamune. Mula banjur kena diarani ana pengaruhe budaya Eropa, klebu anggone pesta.

Kabeh kuwi ana tatacara, pranatacara lan critane dhewe-dhewe. Mula kanggo mengeti 32 taun jumeneng nata lan ambalwarsa 75 taun Sri Sultan Hamengku Buwana X, diadani pameran Jamuan Kenegaraan Kraton Ngayogyakarta : Bojakrama. Tata cara kang mesthi elok, jenenge pasamuan nang Kraton.

Miturut pangendikane Sri Sultan Hamengku Buwana X nalika mbuka pameran, Bojakrama mujudake pasamuwan ageng kanggu tamu kinurmat kuwi asale manca : Negara Landa. Senajan wong Landa saiki wis ora ngerti. “Katon anane akulturasi Jawa lan Landa kang nggawa maneka werna jenis dedhaharan lan Pernik-pernik peralatan dhahar,” pangendika Sultan. Jaman mbiyen kanthi tatacara lengkap tamu disambut swarana music tiup lan perkusi dening abdi dalem Musikanan seka Gedhong Musik, Mandhalasana. Menawa pestane wengi kanthi iringan bedhaya utawa srimpi.

Sing narik kawigaten, senajan tradhisi nanging kaya kang dingendikaane Pengageng Kawedanan Hageng Punakawan (KHP) Nitya Budaya Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat, GKR Bendara, tatacara lan pranatacara kuwi tansah dhinamis. “Lan puncak kabeh mau ana jaman jumenenge Sri Sultan Hamengku Buwana VIII, kanthi anane sajian sekul yang diladekke kanthi spesial, *rijsttafel*,” pangendikane GKR Bendara. Malah jaman semana sering diadani pesta gaya Eropa ana Kagungan Dalem Bangsal Manis. Kanthi caos dedharanan cara Eropa, pasugatan tari lansapanunggale.

Pameran Bojakrama uga mamerke koleksi perlengkapan ngunjuk lan dhahar yang digawe seka perak, porselin lan kristal, udaraka 60 set. Kabeh mau isih bisa ditonton, marga pameran iku diadani nganti 27 Juni 2021. Miturut GKR Bendara uga ana pasinaone kanggo penonton. Mula ana Sudhut Kurator kang bakal mbahas ngenani perlengkapan ngunjuk lan dhahar. Uga ana workshop ngunjuk teh cara Kraton Ngayogyakarta, mbesuk 21 Mei, virtual tour2 ‘Dapur dan Ruang di Balik Jamuan



Pameran Bojakrama **(foto-fit).**

Kenegaraan' (22/5), virtual tour 3 'Jamuan Kenegaraan dan Protokol yang Menyertai' (26/6). Dene pasionan liyane wis kaleksanan April kepungkur.

Ana crita kang narik kawigaten ngenani anane maneka werna pawon ing Kraton. Miturut kurator pameran Fajar Wijanarko ana pawon khusus jaman Sultan Hamengku Buwana VII, *Pawon Gondokusuman*. Eman, saiki wis ora bisa dilacak maneh. Dene jaman Sultan Hamengku Buwana VIII, *Pawon Prabeya* kang nganti saiki isih digunaake kanggo nyawisake *Dhahar Dalem* Sultan Hamengku Buwana X. "Kang luwih narik kawigaten jaman Sultan Hamengku Buwana IX. Ngarsa Dalem paring ruwang privat marang Garwa Dalem, KRAy Windyaningrum, KRAy Pintoko Purnama lan KRAy Hastungkoro. Sebab para Garwa Dalem kagungan cita rasa kang special lan ora ana ing papan liyane. Padha-padha Jangan Bobor, Ngarsa Dalem kaping IX bisa mbedakke saka pawon Garwa Dalem sapa sing masak," pratelane Fajar. Sakliyane iku, isih ana *Pawon Sekulanggen* lan *Pawon Kebulen*.

Pameran iki nengsemake. Apamaneh anggone nata uga urut seka ruwang pamer sepisanan kang nggambarke sawah tegal *Kagungan Dalem* kang asile dikirim nang Kraton Ngayogyakarta jaman mbiyen sarta pawon-pawon kraton kang nyawiske dhedhaharan pasamuan. Uga pasar kang nglengkapi kebutuhan Kraton : Pasar Beringharjo lan Pasar Kotagedhe. Banjur ing Bangsal Kothak nyritakke protocol pasamuan sarta koleksi *jodhang*. Banjur ing Gedung Patehan bisa ditonton bedane *dhahar kembul* lan pasamuan *rijsttafel* cara Landa.

Apik. Apamaneh pameran iku bisa ditonton saka channel Youtube lan malah gamblang. Merga mangsa pageblug Covid-19 iki apike ora kudu mara tekan Kraton menawa arep nonton. Apamaneh kabeh mau ana critane lan mbokmenawa uga wis beda karo sing dileksanani Sri Sultan Hamengku Buwana X nalika nampa tamu. **(fas)**



Jodhang, perangan piranti bojakrama kang kapamerake. **(foto-fit).**



Nasionalisme Teh Kraton Yogya

UNJUKAN teh, dudu omben sepele. Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat kagungan kawigaten murwat marang bobot adiluhunge unjukan teh. Miturut Prof. Dr. Moerdijati Gardjito, ahli pangan FTP UGM nalika paring pangandikan ing "*Workshop Jamuan Minum Teh ala Keraton Yogyakarta*" (daring, Jumat, 21/5:14.30) kang dadi perangane Pameran Bojakrami, Kraton Ngogyakarta wis suwe paring tuladha sengsem marem lan remen marang teh. Kraton kagungan adakalebu keri keri tradhisi ngunjuk teh. Jinis teh kapilih, teh hitam, teh rakyat, teh kampung.

Pratandha agenging kawigaten Kraton marang teh, kapratela kanthi yasa Gedhong Patehan, papan kang milik kanggo nyawisake unjukan teh jangkep cumawise lan panyimpene piranti kanggo gawe unjukan teh lan pritanti kanggo leladi unjukan. Kraton uga ngrakit abdi dalem kang mligi kadhuwan jejibahan nyawisake unjukan teh, Abdi Dalem Patehan. Kepara, para abdi dalem iku kaparingan papan lenggah ing Kampung Patehan. "Kraton Ngayogyakarta paring tuladha remen sengsem marang yasane bangsane dhewe, cinta produksi dalam negeri," ngendikane Prof. Moerdijati.

Pakulinan ngunjuk teh ing Kraton Ngayogyakarta cetha ana sambung rapete kulawan tradhisi ngunjuk teh ing sajagat raya. Andharan ing workshop iku gawe gamblang mula bukane teh dadi unjukan tradisi ing



Replika Pawon Kraton Ngayogyakarta kang kapamerake. ***(foto-fit).***

Indonesia, kalebu ing Jawa lan Kraton. Unjukan teh wis dadi unjukan padinan ing Tiongkok wiwit atusan taun sadurunge Masehi. Tradhisi ngunjuk sedhuhan gondhong teh banjur sumebar neng Jepang, India, lang sumrembah saindenging bawana. Mesthi bae bareng kulawan sumebare taneman teh. Teh sumrambah ing Indonesia kepetung luwih keri ketimbang Eropa, amarga nembe katanem ing Jawa wentara taun 1835-an. Kanyata, teh kang katanem ing tanah Priangan dening Walanda tuwuh dadi teh kang enak lan unggul mutune. Pabrik pangolahe duweke Walanda, lan wulu wetune teh pabrik kaekspor. Nalika jaman Tanam Paksa, sawuse perang Diponegoro, ing Indonesia ana 340 pabrik oleh teh, 131 ing antarane ana di Priangan. Yogya uga nate ana 3 pabrik teh wangi kang saiki wis kukut.

Tata cara pangolahe godhong teh nuwuhake jinis teh kang kakasilake. Teh hitam an teh hijau wis dadi jinis teh kang kondhang lan panggawene kanthi tatacara kang mugen lan permati. Isine mlingi godhong teh. Ing tanah Jawa, wong cilik banjur gawe reka-reka ngolah teh niru kaya kang katindakake Walanda. Warga ngolah godhong teh kagoreng sangan kageneni nganggo kayu. Ora mung migi wujud ron teh enam, nanging kang kasangan kalebu rompesan, rontokan, lan pang godhonge. Mula nalika kasedhuh, asring isih krasa sangit. Dimen rasa angite suda, banjur kawuwuhi campuran jahe, sere, kayu manis. Teh jinis iki kasebut teh kampung utawa teh rakyat. Saliyane empon-epon, panggawene tek garing uga katambahan kembang mlati lan kembang gambir, kang bareng kasangan. Cara iki nuwuhake jinis teh wangi. Nganti tumekan saiki, jinis teh wangi kang kaprah lan dadi bahan unjukan warga masarakat. Teh kang kaagem ing Kraton, jenis teh hitam tipe teh rakyat wujud teh wangi.



KRT Hamong Tedjonegoro ngendika, ing Kraton Ngayogyakarta pasegahan teh kageng Ngarsa Dalem lan para garwa putra wayah, sentana, lan para tamu, kadamel ing Dalem Patehan, toyane kapendhet seka Sumur Jalathundha kang ana ing Dalem Patehan. Para abdi cecawis teh sedina kaping pindho, jam 06.00 lan jam 11.00. Abdi Dalem Patehan nggodhog toya Sumur Jalatundha, nyedhuh teh, banjur ngiling wedang teh ing rampadan lan teko-cangkir. Teh kang wus cumawis banjut kaasta para Abdi Dalem Keparak, sinongsongan tumuju kedhaton, katurake Ngarsa Dalem lan garwa sa putra wayah. Dene menawi kagem para tamu, teh kaatureke dening Abdi Dalem Suwidak. **(pdm)**



Cangkir lan teko, koleksi Kraton Ngayogyakarta, piranti kang wigati ing pasugatan unjukan teh. ***(foto-fit).***

Lukisan Pahargyan "Tahta untuk Rakyat"

WONG mono bisa dadi tepa palupi utawa patuladhan lamun pangandikan lan tindak-tanduke cundhuk ing saben dinane. Tumrap warga Ngayogyakarta munggahe Indonesia, tokoh Sri Sultan Hamengku Buwana IX mujudake patuladhan becik sing ora kena diselaki. Bisa sibutake menawa patuladhan sing diparingake suwargi Ngarsa Dalem Kaping IX iki sampurna. Kabeh mau nglimputi sikap, prinsip, ketemune pangandikan lan tumindak, darma bektine marang nusa lan bangsane kena sinebut tanpa tepi. Minangka raja ing Kasultanan Ngayogyakarta Hadiningrat, minangka Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta, lan minangka Wakil Presiden Republik Indonesia (1973-1978) Ngarsa Dalem sacara penuh mujudake patuladhan ing babagan kepemimpinan dan kahanan urip (kehidupan). Biografine sing sesirah Tahta Untuk Rakyat sing dieditori dening Atmakusumah, mujudake sejarah sing istimewa lan ora bakal kesilep dening laku jantraning jaman.

Patuladhane Ngarsa Dalem IX mujudake nilai-nilai sing wis samesthine ditularake, disuwarakake, lan dadi pangerten (pengetahuan) sing bisa *nginspirasi* tumrap saben generasi. Ya patuladhan iki mau sing dadi inspirasi utawa ide tumrap pameran senirupa (lukis) sing dilaksanakake ing Jogja Gallery Yogyakarta kawit 19 Maret-25 April 2021. Satrep karo kuwi sosok Ngarsa Dalem IX mujudake sosok sing paling pas.

Mbokmenawa sing dadi prakara yaiku bab anggone mujudake apa sing diarani patuladhan kuwi mau ana ing kanvas utawa media. Kepriye mujudake apa sing sinebut nilai-nilai patuladhan (keteladanan) kuwi ana ing sandhuwuring kanvas? Ana maneka warta kekuwatiran magepokan karo bab kuwi mau. Ing antarane, mengko gek lukisan-lukisan sing riniptarinumpaka kuwi mung "terjebak" nglukisake *episode* utawa potongan-potongan saka tulisan sejarahe Ngarsa Dalem. Bisa uga mengko asile lukisan wujud potret *wajah* Ngarsa Dalem. Mengko gek lukisan sing padha dipamerake mau wujud artefak tafsir bebas tumrap Sultan Hamengku Buwana IX tanpa *tanda/penanda* sing ana gathuk sambunge karo Tahta Untuk Rakyat? Banjur kudu kepriye, cara apa sing bisa digunakake kanggo lumebu ing makna Tahta Untuk Rakyat kuwi mau minangka rohe pameran seni lukis sing ngangkat tema



(foto-fit).

Patuladhane Ngarsa Dalem IX mujudake nilai-nilai sing wis samesthine ditularake, disuwarakake, lan dadi pangerten (pengetahuan) sing bisa nginspirasi tumrap saben generasi. ***(foto-fit).***

utawa gagasan Tahta Untuk Rakyat iki? Saka sekawit panitia penyelenggara pameran iki wis kegubel rasa was sumelang. Ngono manut ngendikane kurator pameran, Suwarno Wisetrotomo lan Sri Margono.

Mula saka iku penyelenggara pameran banjur ngaturi Dr Sri Margana minangka sejarawan UGM supaya kersa ngimpun lan nata 37 narasi, satrep karo gunggunge pelukis sing padha pinilih lan diaturi supaya melu pameran. Pelukis sing diaturi ndherek pameran pancen pinilih adhedhasar pengalaman empiris asil karyane para pelukis mau sing dibiji dening penyelenggara. Narasi dipilih adhedhasar kedadeyan sing *menyentuh* kawit miyose GRM Dorodjatun, nalika timur, nalika sekolah, ngranto (ngulandara), nalika sekolah ing Eropa, nalika kondur saka Eropa lan rawuh ing Ngayogyakarta, kawisudha minangka raja Kasultanan Ngayogyakarta, nalika mangsa perjuangan diplomasi lan revolusi kemerdekaan, nalika mangsa Orde Baru, nganti surut Dalem lan kaserakake ing tanggal 2 Desember 1988.

Pitakonan-pitakonan utawa kekuwatiran sing nggubel pikirane penyelenggara ing ndhuwur nyatane bisa *dijawab* dening para pelukis. Kabeh pelukis nindakake riset sing *serius*, nglumpukake data saakeh-akehe banjur milih lan milah sarta nemtokake "adegan" sing kaya ngapa sing sing bakal *dikomunikasekake* marang khalayak. Asile, karya-karyane 37 pelukis kuwi mau bisa disebutake kaya dene narasi biografis, sambung-sinambung, ngringkes, ngembangake, kepara nyanggehake, satrep karo selera *estetik*, *artistik*, lan *intelektuale* para pelukis kuwi mau. Suwarno Wisetrotomo lan Sri Margono ana ing tulisan kuratoriale iki uga ngendikake menawa karya-karyane para pelukis mau kaya dene "dramaturgi visual" sing "nggugah lan nantang" tumrap *pemaknaan* sateruse.

Lumantar proses lan prosedur sing kaya mangkono pameran iki diajab bisa ngundang sarasehan utawa diskusi ing babagan sejarah, narasi sejarah, lukisan sejarah, lan prakara *transformasi* narasi dadi lukisan. Sabanjure, diajab supaya lukisan-lukisan sing digubah bisa ngrogoh lan nggugah marang sapa wae sing ngresepi pameran iki menawa awake dhewe kabeh nduweni tokoh patuladhan sing kena kanggo kaca benggala lan dadi pengeling-eling ing sadawaning urip. **(abs)**



(foto-fit).

Kulonprogo Napak Tilas Niki Laku



Anggota Karang Taruna lan pegiat sejarah pasarta napak tilas nyimak andharan narasumber ing Balkondes Sentolo (foto-smn).



Omah kang dadi kantor dharurat Bupati Kulonprogo ing Wadas, Giripurwo, Girimulyo, Kulonprogo (foto-smn).



dr Arum nalika paring katrangan babagan tembok tilas Kantor Pemerintahan Kabupaten Kulonprogo ing Sentolo (foto-smn).

NAPAK tilas dumadi saka tembung tapak (tilasing sikil) lan tilas (tepaking manungsa). Napak tilas mengku teges lelaku tilik lelakon saha tinggalan para pangarsa lan kusumaning bangsa kang wus dumadi ing wektu kapungkur. Pamrihe, lelakon lan tinggalan para kusumaning bangsa kasebut bisoa kanggo tepa palupi generasi mudha jaman saiki. Para priyagung jaman kawuri kasebut rila ngurbanake jiwa raga saha bandha prabea kang ora sithik, ndhepani bantala maju ing pabaratan mbelani bumi pertiwi, supaya nuswantara mardika uwal saka regemaning bangsa manca. Kanthi napak tilas, generasi mudha diajab bisa tansah eling marang perjuangan para pahlawan bangsa saha bisa marisi nilai-nilai perjuangane.

Kanggo mangerteni sujarah saha marisi nilai perjuangan madege Kabupaten Kulonprogo, Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) Kulonprogo nggelar acara “Napak Tilas Eks Pemerintahan Ibukota Kabupaten Kulonprogo lan Eks Pemerintahan Dharurat Kabupaten Kulonprogo” rikala dina Senen-Kemis, 21-25 Maret 2021 kang dieloni generasi mudha Karang Taruna saha pegiat sujarah saka 12 kapanewon sa Kulonprogo.

Kabid Bahasa Sastra Sejarah lan Permuseuman Kundha Kabudayan Kulonprogo Budi SIP MM ngendika pemajuan kabudayan kanthi kupiya ningkatake ketahanan saha sokongan budaya satengah peradhaban donya kanthi njaga, ngembangake, migunakake, mbina saha ngupakara kabudayan kanggo ningkatake kesejahteraan masarakat.

Dene sejarawan Dr Ahmad Athoillah MA marang pasarta napak tilas ing Balkondes Sentolo ngandharake, sawise Perang Jawa (taun 1825-1830), ing tlatah Kasultanan Ngayogyakarta sakulon Kali Progo madeg Kabupaten Pengasih (1831). Tlatah Sentolo rikala taun 1831 dipimpin dening Kepala Distrik kanthi pangkat Raden Riyo, lan ing taun 1845 Sentolo dadi Kabupaten kang dipandhegani dening Bupati kapisan yaiku Raden Tumenggung Wongsodirjo (1845-1846). Sabanjure madeg Kabupaten Nanggulan (1851) saha Kabupaten Kalibawang (1855). Ing taun 1912 Kabupaten Sentolo, Nanggulan, Pengasih lan Kalibawang gabung dadi siji yaiku Kabupaten Kulonprogo. Ing wulan Oktober 1951, Sultan Hamengkubuwono IX saha Paku Alam VIII sarujuk Kabupaten Kulonprogo (wewengkon Kasultanan) gabung karo Kabupaten Adikarto (wewengkon Pakualaman, tilas Kadipaten Karang Kemuning) dadi Kabupaten Kulonprogo kanthi kuthagede ing Wates.

Sawise nampa katrangan saka para narasumber, pasarta banjur ninjo bangunan tilas gedhung Pemerintah Kabupaten Kulonprogo (sadurunge gabung karo Kabupaten Adikarto) nalika kuthagedhene isih ing Sentolo. Tilas gedhung paprentahan kasebut saiki dadi gedhung Puskesmas Sentolo 1. Ing kono, isih tinemu alat telpon saha bangunan tembok benteng kang isih wutuh.

Pasarta banjur nerusake laku tumuju Joglo R Sugeng Dipokawoco kang mapan ing Wadas, Giripurwo, Girimulyo, Kulonprogo. Joglo R Sugeng Dipokawoco dadi seksi sejarah nalika Bupati Kulonprogo KRT Poerwoningrat “ngungsi” saka Sentolo. “Rikala 27 Desember 1948, Pasukan Walanda mlebet wonten wewengkon Kabupaten Kulonprogo ing Desa Bantar lajeng Pemerintahan Kabupaten Kulonprogo wonten Sentolo *dipunbumihangus*. Bupati KRT Poerwoningrat ugi sedaya perangkatipun lajeng damel paprentahan dharurat Kulonprogo wonten Wadas, Giripurwo, Girimulyo, kirang langkung sadangunipun 6 wulan.” pangandikane narasumber R Trisno Raharjo marang pasarta napak tilas. “Griya ingkang kangge kantor Bupati KRT Purwaningrat wonten sacelak joglo menika, kahananipun sampun risak. Dene Joglo R Sugeng Dipokawoco rumiyin minangka ruang rapat Bupati. Kantor dharurat sanesipun, ing antawisipun Jawatan Penerangan mapan wonten griyanipun Amat Nowaji, kantor Kepolisian wonten griyanipun R Mangun Sentono, ugi kantor militer utawi tentara wonten griyanipun Wongsokarto.” **(smn)**



Ngrumpaka Owah Gingsiring Karawitan



TUWUH pamundhutan pirsa, sayektosipun karawitan gaya Yogyakarta punika pikantuk punapa botenj menawi dipun damel "mutakhir"? Menawi pikantuk, selajengipun, punapa "pemutakhiran" saget dipunlampahi utawi dipuntindakaken? Menawi "pemutakhiran" saget katindakaken, para paraga karawitan sami purun utawi kersa namdangi?

Ingkang mudhut pirsa KRT Notonegoro nalika medhar sabda ing Sarasehan Pemutakhiran Karawitan Yogyakarta" ing Gedung Socitet Taman Budaya Yogyakarta, (20/5) kepungkur. Sarasehan kaadani dening Taman Budaya Yogyakarta lan Masyarakat Karawitan Yogyakarta. Uga medhar sabda, Pardiman Djoyonegoro lan Anon Suneko.

Miturut KPH Notonegoro, ing seni musik Barat, tansah ngudi tuwuhe garap anyar, lagu anyar, aransemen anyar, alat musik anyar, komposisi anyar. Ing karawitan, lan ugi seni-seni tradhisi sanesipun, "pemutakhiran" punika pikantuk punapa boten, saget punapa boten, purun punapa boten? Kamangka, owah gingsir iku pesthi, lan botem saget kaduwa, kaendha, lan katampik. Lantip waskitanipun manungsa saget katingal saking anggenipun purun manjing ing owah gingsir. Kepara, owah gingsir bab ingkang gumathok tansah langgeng dumados. Emanipun, owah gingsir tamtu nuwuhaken was sumelang, raos kuwatos kalindhes plajaring lir gumantining owah gingsir. Owah gingsir bab ingkang tansah dumados, wondene was sumelang ugi tansah asipat langgeng. Methik pangandikane winasis, KPH Notonegoro ngendika, "...nek ora isa mlayu, mlakua, nek ora isa mlaku mbrangkanga, nek ora isa mbrangkang, ngesota. Urip kudu tumindak ora mung meneng wae, kudu maju".

Karawitan mutakhir punika ingkang kados pundi? KPH Notonegoro ngendika, karawitan mutakhir punika nalika lampah kemajengane karawitan sampun jumbuh kalihan plajaring kemajenganipun owah gingsir ing babagan sanesipun. Punapa pangreka pangrumpaka owah gingsir ing karawitan sampun lumampah imbang sareng kalihan plajaring owah gingsir ing seni-seni musik sanesipun.

Ing karawitan gamelan, upaminipun babagan tambahan cacahing instrumen, saget kawastanan boten dumados. Informasi saking KPH Notonegoro, Pak Siswadi sampun dangu kagungan kersa nambah instrumen slenthem panembung, dumugi samenika dereng saget katampi. Angel. Ing Kraton nembe mawon, 2020, ugi nambah instrumen simbal tangan (piyati), lan ugi dipunsaruwe maneka warni, dipun sendhu dening saperangan masarakat karawitan. Kamangka, saking wiwitan instrumen gamelan sampun tansah katambah cacahi lan jinisipun. Kenging punapa ing jaman samenika tambahan instrumen dipunregoni. "Miturut runutan sejarah, tambahan instrumen gamelan punika kasunyatan, kelampah lan dumados. Kenging punapa samenika tambahan instrumen dipunduwa? Kamangka, owah gingsir ing pasrawungan bebrayan agung, ing babagan teknologi informasi lan komunikasi wis ngedab-edabi, " ngendikane KPH Notonegoro.

Alon panggremetipun lampah owah gingsir kemajenganipun karawitan ugi kawistingal saking sekedhiking cacah riptan gendhing enggal. Menawi katandhingaken kalihan "lagu pop" musik, saking 1000 lagu enggal dereng kantenan wonten riptan gendhing cacah setunggal. Ing babagan cacahipun riptan gendhing karawitan sampun cetha kawon kalihan cacah riptan lagu musik modheren. Dereng malih saking babagan garap gendhing, ingkang samenika dereng tuwuh komposer ingkas yasa garap gendhing enggal. Nalika Ki Narto Sabdo damel lagon lan garap gendhing miturut cengkok enggal, kreativitasipun Ki Narto, ugi dipunurak tiyang kathah, mliginipun dening para ingkang sami rumaos langkung pana karawitan. Nanging, gendhing-gendhing Ki Narto Sabdo pungkasanipun dipunremeni masarakat. "Masarakat karawitan, para paraga lan pamireng karawitan, isih kagungan rasa was sumelang kang gedhe nalika ngadhepi owah gingsir." **(pdm)**



(foto-fit)

Marwoto:
Kahanan Pandemi Seniman "Dadi Rayap"

KAYA kang kadhawuhake sowan daleme ing Kradenan, Gamping, Sleman, persis ing jam lan dina kang katetepake. Sowan Mas **Marwoto** alias Sri Slamet Soemarwoto. Asma populere Marwoto Kawer. Perlune nyuwun kabar sambat sebute seniman ing mangsa pademi Covid-19. Mas Marwoto, kelairan Ngayogyakarta 21 Oktober 1952. Nalika tekan daleme Mas Marwoto, ing teras iring tengen ana tumpukan *level* utawa trap kang asring digunakake pentas kethoprak. Papan kono asring kanggo gladhi yen pinuju Kethoprak Tjap Tjonthong ana jadwal manggung. Wis ngancik rong taun ora ana tanggapan pentas merga anane pageblug Corona Covid 19. Trap panggung numpuk nganggur. Tekan gandhok tengah, papan kang disedhiyani kanggo ngobrol, penulis wis dicepaki ginasthel lan nyamikan. Mas Marwoto katon nyawang bungah tekaku, jalaran sawetara wektu ora bisa sapatemon. Mangkene wawanrembug reporter SEPULLUR **Bayu Saptomo** kulawan Mas Marwoto.

"Sehat, tambah seger saiki, Mas?"

"Kahanan wis susah, angel, ya aja dingel-ngel lan digawa sedhih..."



"Mas, jan-jane sadurunge ana Covid sepira ta ewuhe Mas Marwoto ngladeni tanggapan manggung?".

"Akeh, sasat tanggalanku wis kebak corekan. Ora mung Yogja, Jateng lan Jatim, ning ya Jakarta barang. Malah sadurunge kudune ana shooting film Pelukis Hantu lan siji maneh lali aku judhule. Ha ning sing keri kuwi ya *selesai, habis* merga Corona. Batal!"

"Saliyane kuwi, ana ora sing dibatalake utawa dicancel, Mas?"

"Ya akeh. Salah sijine nalika ana Covid, tanggapan neng Munthilan. Wis tekan ngarep gang omahe sing duwe omah dicegat aparat, ora oleh mlebu merga mobile plat AB. La nek plat lokal oleh senajan ya tetep rapet anggone njaga. Wektu kuwi petugase kanthi alus njarwani nek aku sarombongan tetep ora bisa nerusake laku. Kamangka aku wis nggawa kostum. Sadurunge rencanane manggung dhagelan njur diowahi ganti pranata adicara utawa MC wae. Ning jan-jane aku ya wedi. Kejaba mengko ngundang uwong padha teka, liyane kuwi mengko riweh nek ana sing njaluk *selfi* utawa foto bareng gek kepiye. Akire yawis, tak putusake trima bali wae, wong nyatane ora entuk idin, mangka dhasare aku ya emoh nglanggar aturan"

"Wis mlaku rong taun kahanan kaya ngene iki olehe nyiasati kepriye?"

"Pandemi utawa pageblug iki dadi nyeragamke seniman, embuh kuwi

(foto-fit)

dhalang, sindhen, dhagelan, kabeh saiki *casting* dadi rayap!"

"Rayap? dadi rayap piye ta?"

"Ya njur ngrokoti apa sing neng omah..." (gemujeng)

"Ora beda seniman njur dadi pedagang ta? Apa sing ana di dol..."

"Kuwi ora bisa diselaki. Malah durung suwe aku melu *webinar* bareng Pak Mentri Parekraf, Sandiaga Uno, ngenani kepriye yen arep ngadani pementasan. Ya iguhe mung siji, kudu gelem ngrangkul marang *Satgas* Covid. Ning rak iki sing dilawan mungsuh sing ora katon je? La ya susah. Ya tundhone kuwi mau, sacara pribadi ya kudu bisa ngrampungi tugase dhewe-dhewe. Apa sing ana banjur di dol, kanggo nyambung urip" kandhane Mas Marwoto semu perih.

"Nek Kethoprak Tjonthong piye? Kangen pentas ora, Mas?"

"Rumakete nek pas gladhi, latian kuwi sing nggarit. Ngangeni. Ora ketang awake dhewe dha pace-pacenan, garap-garapan, kuwi sing banget ngangeni. Iki wis rong taun sepi. Kamangka sadurunge Covid, Conthong mesthi pentas setaun kaping telu. Kae, ana level sing neng pojok kae, saben nyawang ya semedhot rasaku. Apa meneh yen pinuju riyaya ngene iki mesthi ana jadwal pentas, njur latiane wiwit sasi pasa. Saiki sepi. Rong taun nyenyet"

.

Riwayate Mas Mas Marwoto ambyur ke kesenian?

"Mula bukane mbiyen aku melu grup Wargo Utomo ing Klaten, udakara taun sewidakwolu, sewidaksanganan. Jaman semana sebutane golek godhongan. Nek kliling nggawa bendhe numpak dhokar byawara nek arep ana pentas. Dadi critane golek tambahan bayar kanthi cara nyambi tukang wara-wara"

"Njur bisane ngrambah ing jagad sinetron lan film kuwi piye?"

"Sepisanan melu Film Roro Mendut. Taune aku lali. Mainku bareng Mathias Mucus, Meriem Bellina. *Casting*ku Untir-untir, bareng swargi Daryadi lan Waluh. Sutradarane swargi Mas Ami Priyono. ndhisik kabeh seniman Jogja melu, kaya ta Pak Gito Gati, Rabies isih cilik ya melu. Banjur Rama Bagong Kussudiardjo, swargi Mbak Prapti RRI. Wektu kuwi pancen niyate nggandheng seniman Ngayogyakarta."



(foto-fit)


Mas Marwoto biyem main keyboard, toyak, sulap. Apa isih sok mlatihan?"

"Tetep. Kudu! Sebab aku ngugemi nek badan, raga iku kudu obah. Mula ya kudu terus gladhen. Toya aku ya terus latian, malah aku njur nemokake jurus-jurus anyar ngenani gaman toya. Nek keyboard cetha. Malah keyboardku kae klebu barang sing banget tak tresnani. Merga seka iku aku bisa mapan, lan ngenggoni omah iki"

" Apa jamune sing ampuh kanggo ngadhepi kahanan pandemi iki?"

"Ya *kencangkan ikat pinggang*! Hikmahe ya kanggo leren, sumene. Sing penting sehat, bregas waras, ora ketang ya pating sengkeyek. Ya uwis, kudu diadhepi, wong nyatane pancen ora bisa endha kok. Arep endha kepiye? Wong mungsuh barang ora ketok.

Padhane arep dodolan ya adol apa, genah ya dudu kabisane awake dhewe, rak ya susah ta? Ya uwis kuwi mau, dadi rayap...." **. (bey)**



(foto-fit)

PAMERAN TEMPORER SONOBUDOYO

Laras Cina–Jawa ing Panggung



Conto Pakeliran Wayang Potehi **(foto-ifit)**

WIS jamak lumrahe menawa apa sing sinebut budaya utawa kabudayan kuwi ora bisa uwal saka ombyaking jaman. Duwe daya sing bisa gawe pengaruh tumrap kabudayan seje. Tembung liyane, gosok-ginosokan pengaruh jeneng wis umum ing gumelaring kabudayan. Arepa kaya mangkono kabudayan sing wis kena pengaruh utawa "kawinan" saka budaya seje bisa wae, lan lumrah dadi darbeke lan jati dirine budaya suku bangsa, utawa bangsa tinamtu. Jer urip bebarengan karo suku bangsa utawa bangsa liyane sing nduweni kabudayan beda-beda kuwi wis dadi fitrahe manungsa urip bebrayan ing donya.

Kanthi mligi Museum Sonobudoyo nggelarake Pameran Temporer "Harmoni Cina-Jawa dalam Seni Pertunjukan." Pameran kuwi digelar kawit 26 Februari-27 Maret 2021. Judul pameran iki wis nuduhake mungguh kepriye tembayatane bangsa Cina lan Jawa saengga bisa "nglairake" produk kabudayan sing mujudake akluturasi antarana kekarone. Mula saka iku saweneh koleksi sing asale saka jaman kawuri minangka duweke Museum Sonobudoyo banjur kapilih lan kapilah, "diwaca" maneh, dinarasekake maneh lan kasuguhake marang publik. Pamrihe, kabeh sing dipamerake mau bisa njurung masyarakat supaya bisa ngilo ing kaca benggala lan banjur luwih tepung lan dunung tumrap laku jantrane urip bebarengan antarane budaya Jawa lan Cina ing Yogyakarta, mligine ing babagan seni pertunjukan.

Ana nenem seni pertunjukan sing dipamerake ing acara iki, yaiku Srimpi Muncar, Golek Menak (loro-lorone mujudake tari klasik Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat). Dene papat seni pertunjukan liyane sing mujudake kesenian sing asale saka njaban keraton, yaiku Kethoprak, Sambi/Barongsai, Potehi lan Wacinwa. Kanthi carane dhewe-dhewe nenem kesenian kasebut nuduhake mungguh kepriya para pengampu kesenian Jawa lan Cina sing urip bebarengan ing Ngayogyakarta ngembangake sikap utawa tumindak tinarbuka sarta padha-padha andum unsur-unsur budayane antarane siji lan sijine. Ya ing kahanan kaya ngene iki seni pertunjukan bisa dadi sarana *peretas* slintru utawa *sekat-sekat sectarian*.

Pameran temporer kaya ngono mau diajab bisa menehi panjurung nggugah greged kanggo urip tembayatan, bebarengan ing tengaking masyarakat. Budaya, mligini seni pertunjukan ora bisa dipadhakake karo hak milik tumrap materi bendawi sing bisa disilih-silihake, dituku, diijol-ijolake, utawa kepara malah ilang. Budaya mujudake pranatan urip sing hakikate kanggo dibagekake ana ing urip tembayatan bebarengan. Kanthi lantaran kuwi urip sing selaras utawa harmonis tansah diupayakake.

Mbokmenawa Wacinwa (wayang Cina Jawa) dadi salah sijine tuladha tumrap bab kepriye anggone akulturasi kuwi dumadi antarane kabudayan Jawa lan Cina. Wacinwa satemene nyuguhake legenda Cina klasik ana ing seni pertunjukan pedhalangan Jawa. Seni iki dipopulerake dening seniman peranakan, Gan Thwan Sing ing taun 1925-1960. Wacinwa ing Museum Sonobudoyo dumadi saka tokoh dewa-dewi, kaisar/raja, pandhita, priyayi kaku/putri, prajurit, panglima, jendral,



(foto-fit)



(foto-fit)

emban/abdi, rakyat, sarta para pedagang. Tokoh-tokoh mau ginawe kanggo maragakake lakon Sie Jin Kwie Ceng Tang (Sie Jin Kwie Menyerbu ke Timur), yaiku sawijining crita sing nggambarake kepahlawanane Si Jin Kwie saengga kasil kaparingan gelar/pangkat Peng Lauw Ong (pangkat kebesaran minangka prabu anom). Ing kono Sie Jin Kwie bebarengan karo paa prajurit Krajan Tong kasil ngalahake para manggalayuda saka Krajan Ko Lee Kok.

Kethoprak

Crita Sie Jin Kwie iki tundhane *nginspirasi* seni pertunjukan kethoprak sing dipanggungake makaping-kaping dening Cokrojadi ing grup kethoprak Kridhomardi ing taun 1960. Ing taun kuwi uga Cokrojiyo ngondhangake kethoprak lakon Sudiro ing RRI Yogyakarta. Ing kono tokoh Sie Jin Kwie "dijawakake" dadi tokoh Sudiro. Bab iki sing njalari kethoprak lakon Sie Jin Kwie luwih kondhang kanthi sesebutan Kethoprak Sudiro. Kethoprak Sie Jin Kwie utawa Kethoprak Sudiro mujudake crita sing *diadaptasi* (alih wahana) saka crita Sie Jin Kwie sing dipentasake ana ing Wacinwa utawa ana ing komik Siauw Tik Kwie/ Sie Jin Kwie karyane Otto Swastika. Minangka pahlawan legenda Tiongkok, Sie Jin Kwie dianggep nduweni watak kaya satria Jawa. Lakon Sie Jin Kwie dikondhangake maneh ing taun 1970-1990-an dening grup kethoprak Sapta Mandala lan RRI, awit sasedane Cokrojiyo ing taun 1967 lakon kuwi mau ngalami surut. Ing taun 1990, M Sugiarto minangka salah sawijining staf ing RRI nyiarake maneh lakon Sie Jin Kwie kanthi irah-irahan lakon Sudiro Sukma Macan Putih nganti 25 episode.

Dene Wayang Golek Menak sing wujude klebu antik sejatine duwe dhasar crita saka Serat Menak sing mujudake penafsiran ulang Hikayat Amir Hamzah sing asale saka Persia. Ing Ngayogyakarta seni Wayang Golek dikondhangake dening dalang Ki Widiprayitno, udakara taun 1950-an. Konsep dasar seni pertunjukan iki yakuwi nyawijine garap *bentuk*/wujud lan *gerak*. Sacara bentuk dumadi saka sirah, badan, lan busana. Dene ragam gerake kena pengaruh dening pola gerak Wayang Topeng sing luwih dhisik ditepungi ing Ngayogyakarta ing abad 19. Sendayan uga nggunakake debog kanggo nancepake garan wayange, nanging seni pertunjukan Wayang Golek ora nggunakake gawangan kanggo manthengake kelir kaya ing wayang kulit.

Crita bab *cinta segitiga* antarane Wong Agung Jayengrana, Dewi Kelaswara, lan Dewi Adaninggar mujudake salah sijine lakon ing crita iki. Senadyan Dewi Adaninggar mujudake tokoh saka Cina, Dewi Kelaswara saka Arab/ Persia, nanging wujud suguhane crita diladekake nganggo basa, busana, lan tata cara kabudayan Jawa.

Rada beda karo Wayang Potehi. Wayang Potehi mujudake jinis kesenian sing digawa dening imigran Cina ing Nusantara watara abad 16-19 M. Istilah *potehi* saka dialek Fujian (Hokkian), yaiku *poo-te-hi*. *Poo* ditegesi kain/



Saperangan tokoh wayang Potehi. ***(foto-abs)***

sandhangan, *te* ditegesi kanthong(-an), lan *hi* ditegesi boneka/golek. Wayang Potehi kawujudan saka sirah, badan, tangan, lan sikil sing ginawe saka kayu kinukir. Padha karo pertunjukan wayang umume sing direnggani iringan musik (tradisional), pagelaran Wayang Potehi uga migunakake iringan musik Cina. Saben tokoh Wayang Potehi uga nganggo kostum sing khas kanthi warna, motif, asesori sing nuduhake latar/setting Cina.

Pagelaran Wayang Potehi uga nggelarake lakon-lakon sing asale saka Cina. Lakon-lakon sing kerep digelarake yaiku Sie Jin Kwie Ceng Tang, Sie Jin Kwie Ceng See, Hong Kiam Hun Hiu, Sam Hee Lam Tong, Xiyou Ji, Sam Kok, lan liya-liyane. Ing abad 17-18 sumebare Wayang Potehi umume isih winates ing kutha-kutha ing Pesisir Lor kayata Banten, Semarang, Jakarta, lan Surabaya. Semonoa ing abad 20 Wayang Potehi wis sumebar tekan ing saben kutha ing Jawa, kepara uga malah Bali lan Lampung (Sumatera).



Saperangan tokoh wayang Potehi sing dipamerake ing Museum Sonobudoyo. ***(foto-abs)***

Srimpi

Wujud seni pertunjukan liyane sing uga mujudake asiling akulturasi kabudayan Cina-Jawa, yaiku Beksan Srimpi Muncar sing mujudake tari klasik gagrak Ngayogyakarta. Beksan iki cinipta ing taun 1857 atas dhawuh Sri Sultan Hamengku Buwana VI lan banjur kasampurnakake dening Sri Sultan Hamengku Buwana VIII. Beksan iki sinakralake lan mung digelarake ing acara-acara kayata upacara kerajaan/kenegaraan, jumenengan, utawa resepsi ijab manten keraton.

Sinebut Srimpi Muncar jalaran gendhing pangiringe yaiku Gendhing Muncar Laras Pelog Pathet Barang. Muncar dhewe ngemu teges gumebyar, sumorot, utawa cumlorot. Riniptane tari iki uga marga *terinspirasi* saka fragmen Serat Menak sing nggambarake perang tandhinge Dewi Kelaswara saka negara Kelan lumawan Dewi Adaninggar saka negara Tartaripura marga ngrebutake katresnane Wong Agung Jayengrana.

Beksan Srimpi Muncar diparagakake dening patang penari minangka pralambang keblat papat. Rong penari maragakake Dewi Kelaswara dene rong penari liyane maragakake Dewi Adaninggar. Akulturasi kabudayan Cina-Jawa ing tari utawa beksan iki katon melok ing busana lan riasane Dewi Adaninggar (putri Cina). Anane Dewi Adaninggar minangka putri Cina njalari srimpi iki populer uga kanthi jeneng Srimpi Cina utawa Srimpi Putri Cina. **(abs)**



(foto-fit)

(Foto: fit).



Gambar komik Sie Djin Koei. ***(foto-abs)***







DHUWUR: *Tanpa Beban, 185 x 300 cm, AOC, 2020, karya Laila Tifah.* ***(foto-abs)***

TENGAH: *Tamasya, 185 x 300 cm, AOC, 2020, karya Laila Tifa.* ***(foto-abs)***

NGISOR: *Tanpa Beban, 185 x 300 cm, AOC, 2020, karya Laila Tifah.* ***(foto-abs)***

PAMERAN LUKISAN

Sri Miturut Laila Tifah

ORA kena diselaki menawa pageblug Covid njalari maneka warna acara dadi lumpuh/wurung. Kalebu maneka warna acara sing magepokan karo kesenian/kabudayan (pameran, seni pertunjukan, sayembara, sarasehan, lan liya-liyane). Mula banjur akeh wong sing mung nunggu sangat wae. Nunggu utawa ngenteni kapan kira-kira pageblug sirna. Ngenteni kapan sangate sing dianggep paling pas, aman, lan mikolehi. Ya marga mung nunggu utawa ngenteni banjur ora obah utawa ora enggal bisa mujudake reroncening acara sing wis digantha. Entek-entekane ya mung banjur mandheg, kandheg. Semonoa isih akeh seniman lan budayawan sing gawe kupiya kepriye carane murih acara kesenian utawa kabudayan bisa lumaku arepa nganggo sarat utawa sarana Protokol Kesehatan.

Kuwi mau salah sijine bab sing ditindakake dening pelukis *Laila Tifah*. Laila Tifah ora nunggu wektu (sangat) sing rinasa longgar, aman, lan tanpa pepalang. Laila Tifah kena diarani "gawe" sangate dhewe. Ora nunggu, ora ngenteni. Manut Laila Tifah, bab teknik lan media ing donyaning seni lukis rinasa dudu prakara sing paling urgen, nanging sing paling wigati yakuwi kepriye anggone bisa njaga supaya pikirane tansah bisa aktif. Ya pikiran *bawah sadar* lan sadhare. Bab kuwi mujudake tantangan sing paling abot tumrape Laila Tifah.

Akumulasi bab sing nate dipikirake lan dirasakake ing wektu sing suwe ing sawijining wektu bisa njedhul maneh lan "ngganggu" sarta njurung supaya bisa enggal *dieksekusi*. Ya ing wektu kuwi uga sang pelukis wis rumangsa cukup bisa/entuk *penafsiran* tumrap barang utawa kedadean. Yen karya-karya lukise Laila Tifah katon luwih personal, bab kuwi ora liya marga tumrap dheweke klebu ngayawara (muskil) yen gagasan (ide) karya sing cinipta adoh saka theg kliwer diri pribadine. Upama bab kuwi kudu dumadi sang pelukis rumangsa kudu golek sesambungane sing paling caket, antarane sumber gagasan lan diri pribadine pelukis. Kanthi mangkono bab kaya ngono mau banjur rinasa tanpa *jarak* utawa renggange. Mangkono mau gagasan tumrap pamerane Laila Tifah ing Jogja Gallery, Jl. Pekapalan No. 1 Yogya kanthi tema Sri. Pameran iki katindakake wiwit tanggal 1-17 Februari 2021.

Tembung Sri tumrape masarakat Jawa dudu tembung sing aneh. Tembung iki kerep diembetake marang jinis kelamin wanita. Ya minangka dadi pratandhaning wanita, ya minangga jejuluk utawa gelar, lan uga minangka jeneng tumrap dewi kesuburan, dewi bumi, dewi welas asih, lan dewi kemakmuran. Dewi Sri tumrap masarakat Jawa ing jaman biyen nduweni kalenggahan luhur. Mula ora mokal yen omah-omah Jawa jaman biyen sok direnggani nganggo senthong tengah sing sinebut Pasren minangka papan (kamar) mligi kanggo ngurmati Dewi Sri. Kanthi dhasar kuwi Sri utawa wanita mujudake makhluk istimewa.

Sri (wanita) mujudake makhluk istimewa jalaran tanpa makhluk jinis iki mobah mosike jagad raya ora bakal setimbang (harmonis). Ora bakal ana mkahluk anyar. Ora bakal ana urip anyar tanpa anane makhluk iki. Bisa dibayangke dhewe kepriye dadine yen jagad raya iki isi makhluke mung jinis lanang kabeh. Sri nuduhake sepira la nana ing ngendi istimewani mahkluk sing sinebut wanita kuwi mau. Lukisan-lukisane Laila Tifah nuduhake, miyakake kabeh mau marang sapa wae sing ngresepi pameran lukisane, Sri. **(abs)**

Sineprak Hadeging Praja Bantul Gugah Paraga Mudha Kepincut



Sadurunge kaprodhuksi, Sineprak Adeging Praja Bantul kaadani workshop tumrap para para kang bakal nandangi. Istingarah workshop bisa nambah pikuwat santosaning kawruh bab sujarah lan kapitayane warga masarakat Bantul memangun bangsa nagara. **(foto-pwn)**

MANGSA pageblug 'corona' utawa 'covid-19', tumraping para seniman kethoprak ing Ngayogjakarta, ora dadi pepalang anggone mbudidaya murih kethoprak tetep 'eksis'. Sanajan meh setahun luwih ora ana tanggapan, tanggalan resik ora ana coretan'py', nyenyet aloking penonton njaban panggung kang beda saben bengine, nanging ora ndadekake para seniman kethoprak nglokro.

'Tim Pengembangan Kethoprak' utawa TPK kang lair setahun sakdurunge mangsa pageblug awit saka penggalih Dalem Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta, (othak-athik gathuk) kaya pinangka sarana regenerasi lan alih teknologi. Kanyata program Kethoprak Rebon kang sinengkuyung dening Kundha Kabudayan DIY, meh atusan nom-noman kang melu ngayahi kethoprak Rebon neng Taman Budaya. Rikala pandemi kethoprak Rebon disiarke 'live streaming'. Kejaba kuwi TPK uga miwiti gawe sineprak (sinematografi kethoprak) kang isa dipirsani neng youtube.

Apa kang ditindakake TPK bebarengan karo Kundha Kabudayan DIY lan uga instansi kang rumangsa peduli marang ngrembakaning kethoprak dadi sarana nggugah kadang seniman kethoprak liyane supaya ora mandheg anggonne nguri-uri, nuturi lan ngajari nom-noman pewaris kethoprak.

Hadeging Praja Kabupaten Bantul

Sineprak dadi inspirasine nom-noman FKKB (Forum Komunikasi Kethoprak Bantul) kang melu nyengkuyung program TPK kethoprak Rebon lan sineprak. Kanthi modal bantingan lan gotong royong, para wiranem FKKB gawe sinematografi kethoprak lakon Wengis. Asil produksine ora nguciwani kepara nalika dipirsani dening Pak Nugroho Eko Setyanto, Kepala Kundha Kabudayan Kabupaten Bantul lan jajarane kepranan ing penggalih. Mula ing taun 2021 iki FKKB dipercaya gawe sinematografi kethoprak lakon Hadeging Praja Kabupaten Bantul.

Lakon iki dilandesi semangat perjuangan Pangeran Diponegoro nalika nundhung walanda saka bumi jawa. Perang gerilya Pangeran Diponegoro tahun 1825 – 1830 kang uga asring diarani Perang Jawa ndadekake bangkrute walanda amerga saking suwene. Mula walanda mbudidaya kepiye carane perang jawa enggal rampung. Kanthi cara politik adu

domba kang diterapke ing antarane para pengageng Kraton Ngajogjakarta. Cara iki kasil kanggo golek pengaruhe walanda saka Kranton Ngajogjakarta. Pangeran Diponegoro bisa karangket sarana apus krama. Pengaruhe walanda kang sangsaya gedhe, banjur milahake wewengkon Ngajogjakarta dadi telu, sisih lor Denggung, sisih wetan Kalasan lan sisih kidul Bantul Karang. Pamrihe walanda, pembagian wilayah kasebut minangka nggampangke anggone ngawasi lan narik pajek kanggo pepulih anggone perang mungsuh Pangeran Diponegoro. Dening Sinuhun Hamengku Buwono V, rikala dina Rebo Kliwon 10 Sapar tahun Dal 1759 utawa tanggal 20 Juli 1831 Raden Tumenggung Mangun Negoro pinercaya dadi Bupati Bantul.

Miturut pangandikane Pak Nugroho Eko Setyanto, S.Sos, MM, sinematografi kethoprak Hadeging Praja Kabupaten Bantul bisa kanggo srana edukasi masyarakat, luwih-luwih generasi penerus. Sinematografi kuwi manut rancangan kapilah dadi enem episode lan pengambilan gambar diawiti sasi Agustus 2021. Gegayutan lakon iki ngemot sejarah mula kanggo nyusun crita lan skenario linandesan sumber-sumber kang jumbuh karo sejarah Bantul.

Kundha Kabudayan Bantul uga nganakake Workshop Forum Group Diskusi Penyusunan Skenario Sinematografi Kethoprak Hadeging Praja Kabupaten Bantul kanggo para pengurus FKKB kapanewon se-kabupaten Bantul rikala tanggal 23 – 24 Maret 2021 ing Hotel Rose In. Narasumber kang paring pangandikan ing Workshop FGD yaiku bapak Bayu Ananto Wibowo Wibowo, M.Pd saka UPY, Prof. DR. Sri Margana, M/Phil saka UGM, Prof. DR. Drs. Suwardi, M.Hum saka UNY lan Romo Murtihadi, SJ saka Puskat Audio Visual. **(pwn)**







Para kang kawogan maragani sineprak banjur padha sayuk sarembuk sarasehan lan latihan. **(foto-pwn)**

"Gerakan Indonesia Raya Bergema"

Kumandhang Yogya Gumregah



(foto-fit)

MANEKA werni lampah saged dipuntindakaken kangge nuwuhaken semangat kebangsaan. Salah setunggalipun kanthi mirengaken lan nglagokaken Lagu Kebangsaan "Indonesia Raya", kados ingkang dipundhawuhaken Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY), Sultan Hamengku Buwono X lumantar Gerakan Indonesia Raya Bergema.

Sultan paring dhawuh supados "Indonesia Raya" kapiyarsakaken ing kantor-kantor pamarentah lan swasta, saha fasilitas publik kados pasar lan sekolahan saben dinten tabuh 10.00 WIB utawi saderengipun miwiti ayahan saben enjingipun. Lan sok sintena ingkang saweg ing papan ingkang nembe ngapiyarsakaken "Indonesia Raya" kedah jumeneng kanthi patrap sampurna (sikap sempurna).

Lampahan punika dipunpariwarakaken maring masarakat kanthi Surat Edaran (SE) Gubernur DIY Nomer 29/SB/V/2012 bab Memperdengarkan Lagu Kebangsaan Indonesia Raya. SE katujokaken dhumateng para Bupati lan Walikota ing wewengkon DIY, para nayaka praja, lan

pangarsa BUMN, BUMD, lan perusahaan swasta.

Gerakan Indonesia Raya Bergema dipunkepyakaken Sultan ing Gedhong Pracimasana, Kepatihan, Ngayojakarta kala dinten Kemis surya kaping 20 Mei 2021, sesarengan kalian pengetan Hari Kebangkitan Nasional. Laras kalian greget Hari Kebangkitan Nasional, Gerakan Indonesia Raya Bergema dipunadani kanthi pangajap saget nuwuhaken nasionalisme utawi semangat kebangsaan.

"Boedi Oetomo wis 113 taun umure. Boedi Oetomo tangi nalika Indonesia isih turu, nganti gawe kaget Walanda. Gandheng cenenge karo kahanan saiki, apa iya Gerakan Indonesia Raya Bergema bisa gawe awake dhewe gumregah, kaya gumregahe Boedi Oetomo? Ini sing isih kudu dibuktekake," ngendikane Sultan.

Miturut Sultan, gembor-gembor "Pancasila sudah final" lan "NKRI harga mati" dereng cekap kangge nuwuhaken semangat kebangsaan. Sedaya bakal mandheg namun minangka gagasan yen masarakat namung gumantung dhateng pamarentah, boten gadhah karsa kiyambak.

Salajengipun Sultan ngendikakaken pangandikanipun Bung Karno: "Peperanganku luwih entheng, amarga sing dak lawan penjajah. Nangin peperanganmu luwih abot, karana mungsuhe bangsamu dhewe". "Bener orane aja takon awake dhewe, nanging takona marang sing diarani generasi milenial. Sing baku, Surat Edaran mung pinangka payung. Lampahan iki bisa terus katindakake yen masarakat nyamektaake suksmane kanggo caos panjurung," ngendikanipun Sultan.

Kepyakan Gerakan Indonesia Raya dipunrawuhi GKR Hemas, Gubernur Akademi Angkatan Udara, Marsekal Muda Nanang Santoso, Komandan Korem 072 Pamungkas, Brigadir Jenderal Ibnu Bintang Setiawan, lan para nayaka sanes. Kepyakan ugi dipunpidhangetaken tiyang-tiyang dagang ing Pasar Beringharjo Ngayojakarta, lan murid-murid ing SMAN 1 Pakem, Sleman, ugi para rawuh ing Kraton Ngayojakarta, Pura Pakualaman, lan Universitas Atmajaya Yogyakarta.

Adicara dipunwiwiti Rumah Kreatif Sulam lan Paduan Suara ASYB ingkang nglagokaken lagu nasional lan lagu daerah. Ing pungkasanipun acara, Abdi Dalem Musikan Kraton Ngayojakarta ngungelaken lagu daerah lan lagu nasional kadosta Dari Sabang Sampai Merauke, Satu Nusa Satu Bangsa, Maju Tak Gentar, Bagimu Negeri, Cublak-cublak Suweng, lan Bungong Jeumpa ing Bangsal Mandalasana Kraton Ngayojakarta.

Indonesia Raya Bergema pikantuk panyengkuyung saking tokoh-tokoh nasional lan selebritas nasional, ing antawisipun Menteri Koordinator Bidang Politik, Hukum, dan Keamanan (Menkopolhukam), Mahfud MD, grup band Slank, dhagelan Cak Lontong lan Jarwo Kwat, saha penyanyi Katon Bagaskara.

Bendara Pangeran Harya Kusuma Bimantara lan Nyimas Tumenggung Setrarukmi saking Pura Pakualaman ngendika bilih kulawarga ageng Pura Pakualaman sedya paring panjurung dhumateng Indonesia Raya Bergema. Miturut Nyimas Tumenggung, panjurung punika ngestokaken dhawuh KGPAA Paku Alam VIII supados sedaya warga Pakualaman nggadhahi tanggung jawab dhumateng Indonesia.

Gubernur Jawa Tengah, Ganjar Pranowo ugi paring panyengkuyung. Ganjar criyos bilih Pemprov Jawa Tengah tansah nyetel lagu-lagu kebangsaan saderengipun apel ASN. Nanging sapunika kagiyatan apel mandheg amargi pageblug Covid-19, saengga sampun setaun langkung lagu-lagu kebangsaan boten nate dipunpiyarsakaken malih.

"Nalika masarakat dha prihatin, mumet kabeh merga pandemi, dumadakan Ngarsa Dalem Sultan Hamengku Buwono X nggrengsengake nasionalisme kanthi ngemandhangke 'Indonesia Raya'. Awake dhewe kudu caos panjurung, awake dhewe kudu melu. Jogja, Jawa Tengah, Indonesia bisa tumindak. Inspirasi Ngarsa Dalem pancen ora baen-baen," wicantenipun Ganjar. **(dik)**



(foto-fit)

Lakon Ceng, Gugah Angene Penonton



Adegan Lakon Ceng dening Kelompok Sastra Pendapa **(foto-abs)**

SETING panggung katutup kelir ireng. Perangan ngarep panggung sing bisa langsung disawang penonton uga katutup kelir werna ireng kanthi ambane meh setengah panggung. Dadi yen ana actor utawa pemain teater sing bakal acting utawa pentas mung bisa ketok perangan gulu munggah wae. Ora bakal ketok perangan gulu mudhun. Kahanan kaya ngono kuwi sing dumadi ing panggung Gedung Societet Militer Taman Budaya Yogyakarta, Jumat awan, 21 Mei 2021. Setting lan tata panggung sing kaya ngono kuwi mau sing dienggo pentas Teater KSP (Kelompok Sastra Pendapa) kanthi lakon *Ceng* sing disutradarai dening Agus Sandiko. Pentas lakon Ceng kuwi mau kanggo mahargya anane acara Dialog Teater # 2 TBY sing nyuguhake tema Apa Kabar Naskah Lakon Kita.

Lakon Ceng dibukak kanthi jumedhule sawijining sirahe aktor (mung sirahe thok) sing banjur nuduhake ekspresi sing maneka warna lumantar permainan praupane *(mimik wajah)*. Kena sinebuitake menawa aktor sing njedhul iki mau ora nggunakake ukara utawa tembung sing gumathok kejaba mung suwara mbrengengeng kaya tawon sing kairingan alat musik kendhang, suling,

lan kothekan. Mesthi wae para penonton bingung lan penasaran meruhi suguhan sing kaya mangkono kuwi mau. Apa karep lan maknane? Mbokmenawa ngono kira-kira uni atine para penon

Jumedhule pemain I kasusul pemain II lan sateruse, gonta-ganti. Yo lanang, ya wadon kanthi ekspresi sing katuduhake kanthi permainan mimic wajah lan suwara gumremeng tanpa cetha. Pancen ana siji loro tembung sing bisa keprungu rada cetha utawa malah cetha ing antarane suwara mbrengengeng kuwi mau. Ing antarane yaiku *pahiny* (apik-cantik), *themon* (wedok-cewek), lan *ceng* (sing teges utawa maknane dipasrahake marang mimik kaya mimike wong sesambungan tresna sing nembe *fly*.

Pengadeganan lakon Ceng dadi katon kaya pementasan teater mini kata kaya sing nate dikenalake suwargi WS Rendra. Pancen kaya nonverbal. Tanpa ukara, tanpa tembung sing cetha. Ekspresi wajah lan pola obahing tangan sing uga minim kaya-kaya pancen dadi ancase pementasan Teater KSP ing lakon iki mau. Ing kahanan iki penonton dijurungake ngembangake imajinasi-asosiasine dhewe-dhewe. Semonoa, arepa ginawe tanpa ukara lan pengadeganan mung



Kreasi adegan dalam Lakon Ceng **(foto-abs)**

daya imajinasine penonton dhewe-dhewe).

Mbokmenawa penonton nembe bisa nggagapi teges lan karep utawa maknane lakon Ceng sawise ngresepi kabeh adegan saka wiwitan nganti pungkasan. Adegan-adegan kuwi mau yen diwaspadakake kaya-kaya nggambarake krenteg (hasrat) seksuale manungsa. Bab iki mbokmenawa bisa dideleng saka anane adegan ketemune aktor lanang lan wadon sing banjur padha cecaketan kanthi obahing tangan sing kaya-kaya nggrayang perangan awake lawan jinise. Bab iki uga dikuwatake utawa dikukuhake kanthi anane permainan "antarsirah" lan tangan sing uga mung minim tetep bisa nuntun utawa nuduhake mungguh kepriye kira-kira karep lan tegese. Ekspresi-ekspresi kuwi mau senadyan minim, tetep ana ketarane.Luwih-luwih ana tembung *themon, pahiny, ceng* sing bisa diprungu dening penonton. Bab iki dikukuhake uga kanthi *closing* adegan wujud mecungule tangan kanthi driji nggegem lan jempole dislempitake antarane driji panuding (telunjuk) lan driji panunggul (tengah) kaya gegemane Raden Werkudara. ***(abs)***

Cerita Cekak

Antarane Aku lan Retna Tresna sing Dipara

ARDINI PANGASTUTI BN



“Arin...” swara panguwuh saka arah ngiringan. Sanalika jangkahku kandheg. Aku noleh menyang pernahe swara lan ora sida ngunggahi eskalator kang mung kurang sapancikan kuwi.

Aku nyengkerutake bathuk sinambi ngematke wanita sing ngundang jenengku, sing let-e mung watara rong meteran. Nanging tetep ora kelingan. Rasane kaya wis tau kenal. Rupa kuwi familiar banget kanggoku. Nanging sapa? Dhuh, uthegku kok ya ra gelem dijak kompromi. Njendhel kaya cendhol dikum ing njero es.

Selagine aku isih bingung ngeling-eling, wanita ayu kanthi rai lonjong lan tlapukan mripat cowong kaya wong kurang turu sing ngundang jenengku mau, ngerti-ngerti wis ana sangarepku. “Awakmu lali tenan ta karo aku?” ujare nekad karo manyukake raine cedhak raiku.

Aku mundur sajangkah. “Sik, ta. Awakmu ki sapa? Kayane awake dhewe pancen tau ketemu. Ana ngendi ya?” aku isih tetep mbudidaya ngeling-eling.

“Mungkin rupaku pancen wis malik adoh. Nganti kancaku sing biyen tau lungguh jejer sabangku wae ora ngenali aku,”swarane keprungu nglokro.

“Ya ampuunnn...awakmu Retna? Retnaningtyas, kancaku sabangku ing SMA 5 biyen?” takrangkul dheweke banjur takhoyok-hoyok pundhake. Rasane ora percaya



ILUSTRASI
MULYANTARA

yen wanita sing ana ing sangarepku kuwi Retnaningtyas, primadona SMA 5 ing kala semana. Ana owah-owahan akeh banget ing bleger utawa tata laire wanita sing biyen banget ayu iku. Mripate sing biyen blalak-blalak, mencorong endah, saiki katon alum. Awake sasat uga mung kari lunglit. Upama ora dibungkus nganggo busana endah lan larang, wis embuh kaya apa dadine.

“Awakmu isih ajeg kaya biyen, kaya 15 taun kepungkur. Ora akeh owah-owahane. Mula aku ora pangling,” aloke karo bali nyawang aku.

“Iya, ajeg endhut,” tumanggapku karo mringis.”Eh, yok golek papan ngobrol sing kepenak. Ora neng kene netegi dalan,” pangajakku, penasaran geneya Retna sing ayu kok bisa malik drastis dadi kaya ngono iku.

Yen nitik penganggone, dheweke cetha ora kekurangan ing babagan materi. Tas cangklong sing dianggo kuwi merk kondhang sing regane bisa mbolongake kanthong yen dudu wong sugih tenan. Busanane, satleraman wae wong ngerti yen kuwi dudu klambi murahan. Nitik saka kuwi, cetha dheweke ketunggon ing bandha, nanging ya gene mripat kuwi ketok mbleret, ketoke uripe adoh saka bahagia.

Retna ora langsung nanggapi. Dheweke niliki jam ing tangane.

“Oke. Aku isih ana wektu sakjam kliwat sithik. Cukup dingo kangen-kangenan. Yok, golek *gerai makan* sing ana ing lantai dhasar wae, rada sepi yen dibandhing karo sing ana ndhuwur.” Retna banjur nggandheng aku, mlaku tumuju lantai dhasar saka bangunan mal kang megah kuwi.

Sawise milang-miling sedhela, wekasan bisa nemokake gerai makan sing rada sepi. Retna pesem soup buah karo sawetara cemilan, aku cukup es kopi.

“Eh, awakmu mau kandha isih duwe wektu sakjam kliwat sithik, duwe semayanan?” pitakonku sinambi ngenteni tekane pesenan.

“Dudu semayanan, ning methuk anakku sing ragil. Sekolahe *full day*. Ning gandheng dina Jumuah, baline luwih gasik 30 menit.”

“Anakmu wis pira?”

“Telu. Paling cilik kelas 5 SD.”

“Sing mbarep?”

“Taun ngarep mlebu SMA. Lha biyen lulus SMA aku langsung rabi, ora nganti setahun njur duwe anak. Kala semana awakmu ya takundang, malah aku dhewe sing ngeterake undangane. Ning jare wong sing manggon ing tilas omahmu kae, awakmu sakulawarga wis pindhah Surabaya.”

“Iya. Omah ing Basen kae rak mung omah kontrakan. Sawise bapak wis cetha oleh gaweyan mapan ing Surabaya, Ibu njur mutusake ngetutake Bapak ing kana. Aku lan adhik-adhikku otomatis ya melu pindhah

Surabaya, senajan satenane aku tetep luwih krasan ing Yogya."

"Njur saiki awakmu manggon ana ngendi?"

"Tetep ana Surabaya. Olehku menyang Yogya merga arep nekani resepsine ponakanku sesuk. Tinimbang sumpeg neng hotel, aku nyoba mlaku-mlaku, karo nostalgia jaman biyen. Lumayan akeh Malioboro saiki owah-owahane," aku kepeksa njlentrehake marang Retna.

"Kok ijen wae? Yen ngono awakmu durung duwe anak. Pantes isih katon singset. Lha wong durung kalong."

Aku mringis krungu celathune Retna. "Aja maneh anak, pacar wae aku uga durung gableg. Ning aku ayem wae. Diunekake prawan tuwa ya ben. Aku ora bakal meksakake rabi yen durung ana sing bener-bener sreg ing ati. Wong rabi kuwi jare yen ora kepeneran mung bakal mangan ati."

"Kuwi bener, Arin. Contone aku iki lho. Awakku rusak kaya iki rak gara-gara saben dina mangan ati." Swarane Retna rada emosi. Dheweke banjur ngudhak-udhak gelase, disruput sasendhok, banjur kandhane maneh:

"Aku gela geneya dhek biyen kok ora kuliah dhisik malah kesusu rabi. Upama aku ora nuruti nepsu lan ngrampungake kuliah dhisik jathuka nasipku ra kora kaya saiki." Retna tumungkul, mripate saya katon mbleret.

"Ana masalah karo perkawinanmu? Maaf, ning yen nyawang penampilanmu ketoke awakmu ora kekurangan, maksudku nggon materi," kandhaku ngati-ati.

"Dakakoni, yen materi aku pancen ora kekurangan. Nanging rasane tetep ana sing gothang. Dadi urip iki rinasa cemplang. Upama ana pilihan, aku wegah dimaru kaya iki."

"Dadi critane awakmu diloro?" aku saya penasaran.

Retna manthuk.

"Tenan, upama ana pilihan aku wegah. Nanging aku ora duwe pilihan. Demi anak, aku kepeksa ngidini dheweke rabi maneh, sebab yen aku ora ngidini, dheweke ngancam ora bakal ngurusi aku lan bocah-bocah. Kuwi tegesi aku bakal ditinggal prung tanpa ana jaminan kanggo urip. Ya...kepeksa aku ngalah. Dakpikir, sawise kuwi, dheweke bisa adil. Jebul ora. Mung yen kelingan wae dheweke bali ngomah. Apa maneh dheweke manggon adoh ing luar kota. Jare sibuk. Ning aku ngerti, manawa kuwi mung alasan sing digawe-gawe. Sing tenan, dheweke luwih ngeboti bojone sing enom tinimbang aku. Kuwi sing marakake atiku lara. Aku ora trima, nanging aku ora duwe daya."

Rampung kandha kaya mangkono, Retna banjur nutupi raine nganggo tangane loro karo. Tangise wutah. Tangis sing sajake wis suwe diampet.

Aku bingung, ora ngerti kudu kandha apa. Aku dhewe durung omah-omah. Durung duwe pengalaman bab pait getire wong bebojoan. Priye anggonku arep aweh pitutur marang Retna?

Aku banjur kelingan marang bulikku. Sing luwih seneng milih pisah nalika ngonangi sing lanang wis mangro tinggal. Nanging bulikku wanita karier sing tangguh. Dheweke bisa ngadeg pengkuh nganggo sikile dhewe. Ora kudu gumantung marang sapa-sapa. Balik Retna? Dheweke sajake mung ibu rumah tangga murni, sing donyane mung saupleke dhapur, kasur lan sumur. Uripe sawutuhe mung gumantung marang bojo. Dadi yen ana ketleyeke urip kaya iki, dheweke banget ora siyap. Lan wanita sing kaya Retna iki akeh tunggale.

Dumadakan sawenehe idhe kumlebat ing pikiranku. Retna dakruket karo dakpuk-puk gegere.

"Wis Ret, ra sah digetuni banget-banget, mengko ndak awakmu selot rusak. Mesakake anak-anakmu. Dheweke isih mbutuhake kawigatene ibu. Saiki lalekna bojomu, lalekna panandangmu. Awakmu kudu bangkit."

Retna nguculi pangruketku. Dheweke ndengongok lan nyawang aku.

"Aku kudu nglalekake Mas Aji? Kok pikir gampang? Njur sapa sing bakal ngingoni anak-anakku yen aku nglalekake dheweke?" ujare sengit.

"Aja salah tampa. Nglalekake sing dakkarepake ki ngene lho, yen wonge neng ngomah, anggepen kuwi bojomu. Yen ora ana ing ngomah, anggep wae dheweke lagi lelungan utawa nyambut gawe adoh. Dadi awakmu ora ngrasakake lara banget-banget. Nanging kejaba iku awakmu uga golek kesibukan ben wektu ora krasa dawa lan nyiksa," kandhaku ngati-ati.

"Sasuwene iki aku uga tansah golek kesibukan. Antar jemput bocah taklakoni dhewe, senajan sateme aku bisa mbayar wong kanggo keperluan kuwi. Kalebu olehku kerep saba mal betheke mung pengin golek kesibukan."

Dhuh, rasane aku gregeten krungu wangsulane Retna. Thethege bener-bener ora digunakake. Yen ngono kuwi, rasane aku uga ora nyalahake banget-banget yen sing lanang kepencut wanita seje. Mbokmanawa merga Retna ora bisa dijak mbat-mbatan krana pikirane sing ora tau diasah.

"Sing dakkarepake dudu kesibukan kang kaya kuwi, Retna. Nanging kesibukan sing kreatif, sing prodhuktip," kandhaku thok leh.

“Aku ora mudheng.”

Wela, payah tenan iki, batinku. “Kasarane, kesibukan sing bisa ngasilake. Dadi awakmu kudu nyambutgawe.”

“Nyambutgawe? Jaman saiki, kanthi ijazah SMA, gaweyan apa sing bisa takleboni? Selagine sing sarjana wae sing nganggur mbiyayah.”

“Awakmu ora kudu nyambut gawe ngantor. Nanging nyiptakake pegaweyan dhewe. Kosik, aja diselani aku takcrita. Urip kuwi sarwa ora mesthi. Ana kalane penak, ana kalane ora. Dadi kita kudu siyap kanggo ngadhepi kemungkinan sing paling pait. Saiki, mumpung bojomu isih bisa njamin kebutuhanmu lan anak-anakmu, gunakna kesempatan iku. Awakmu kudu gumregah. Bangkit.”

“Njur piye carane?”

“Kaya sing takkandhakake mau. Nyambutgawe. Ora kudu ngantor, saka ngomah bisa.”

“Saka ngomah?” Retna nyawang aku kanthi panyawang bingung.

“Ngene lho, Ret. Saiki jaman ekonomi kreatif. Aku isih kelingan, biyen awakmu paling jago masak. Nalika pas lomba pitulasan, kelompoke awake oleh juara siji. Kuwi merga jasamu.”

“Nanging saiki aku wis arang-arang masak. Bocah-bocah yen ora cocok karo masakane Mbok Yem, njur trima pesen panganan liwat on line”

“Lha yakuwi sing takkarepake. Kowe bisa manfaatake keahlianmu masak. Mengko bisa koktawakake liwat on line.”

Retna ora nanggapi, ning sajake dheweke ngresepi tembung-tembungku.

“Ret, aja tersinggung yen aku ngomong blak-blakan. Sawenehe ibu kuwi mujudake kacabenggala mungguh anak-anake. Ibu kang mandhiri, anak-anake biasane uga mandhiri, tangguh lan luwih tahan banting. Iki aku ngaca saka keluargaku dhewe. Ibuku ya mung ibu rumah tangga biasa, nanging piyambake pekerja keras, ubet, ora isin upama gawe panganan dititip-titipake warung. Biyen dhek nalika isih manggon Yogya, ibuku uga kerep nyambi buruh bathik. Eh, maksudku, njupuk bahan nggone juragan bathik ing njero Beteng, njur digarap ana ngomah. Pranyata anak-anake uga padha tiru Ibu. Mandhiri. Saupama ibuku biyen mung tukang mandho, nadhahake tangan marang bojo, mbokmanawa aku ora bisa kaya saiki. Merga bapakku tinimbalan bali nalika kuliahku isih lagi manyuk ing semester telu. Adhik-adhikku uga isih kemragat. Nanging ibuku tansah njurung lan ngajari aku lan adhik-adhikku kanggo gumregah, obah, wekasan bisa nyukupi kebutuhan sekolah kanthi kringete dhewe.”

Retna ora wangsulan. Nanging aku yakin, dheweke ngresepi tembung-tembungku. Wektu sakjam ora rinasa wis entek. Aku lan Retna enggal ninggalake gerai makan, Retna arep methuk anake, aku arep nerusake blanja. Golek kadho kanggo ponakanku sing arep dadi manten sesuk awan.

“Mengko preinan tahun baru manawa menyang Yogya aku tak mampir omahmu, yen tenan awakmu wis bukak usaha,” ujarku sadurunge pepisahan.

Retna ora wangsulan.

Nem sasi sawise kedadeyan iku, aku nampa WA saka Retna. Intine, dheweke ngarep-arepku tekaku suk preinan tahun baru. Retna crita yen usaha sing dirintis kuwi wis wiwit mlaku. Awal-awal miwiti usaha rasane abot banget. Kudu sabar lan tlaten sarta rai gedhek. Ning suwe-suwe masakane wiwit dikenal. Kanca-kanca sosialitane sing maune ora yakin karo kemampuane Retna, pungkasane malah padha dadi pelanggane.


“Saiki sasate aku tansah kekurangan wektu. Dadine aku ora sempat mikir Mas Aji. Kaya kandhamu, yen dheweke ana ngomah ya bojoku, yen dheweke ora ana, takanggep lunga golek dhuwit. Kanthi mangkono aku dadi luwih sumeleh, atiku ora tansah panas diobong cemburu. Anehe, keri-keri iki dheweke malah kerep bali, ing kalane aku wis ora patiya ngarep-arep tekane…”

Aku mesem maca WA ne Retna sing dawa. Ya syukur yen dheweke wis bisa nemokake donyane sing anyar. Donya usaha sing sibuk, sing marakake dheweke bisa nglalekake rasa larane. Ah, urip pancen aneh. Kaya anehe tresna sing nggubet Retna lan pasangan uripe. Lan tresnaku dhewe? Embuh. Aku dudu wanita sing kaya Retna, sing bisa nampa pengkhiatan kanthi ati segara, senajan lara. Aku ngerti marang perasaanku dhewe. Kanggoku, tresna kuwi kudu wutuh, ora bisa dipara-para. Ning anehe, aku ndhisik kok bisa ngandhani Retna kaya ngana lan digugu. Oleh inspirasi saka ngendi ya?

Esemku saya amba kelingan kabeh iku. Urip pancen aneh. Kaya anehe memitranku karo Retna, sing pinisah wektu lan let, nanging bisa gathuk lan nyambung maneh.

Bangunjiwo, April 2021

Serat Srinata



Bebuka

NASKAH carik Serat Sri Nata kolèksi Perpustakaan Nasional Jakarta, nomer katalog B 2032. Dhapukanipun serat wujud sekar ingkang kaginakaken 12 sekar macapat; Sinom, Asmaradana, Megatruh, Dhandhanggula, Kinanthi, Mijil, Pangkur, Durma, Gambuh, Maskumambang, Wirangrong lan Pocung. Déné kathahipun wonten 134 pupuh kedadosan saking 4.417 pada. Kandelipun naskah wonten 751 kaca, saben kaca wonten 20 larik mèpèt margin kiwa lan tengen *(full block style)*.


Miturut kolofon ingkang kacetha, Serat Sri Nata wiwit kaanggit kala dinten Jemuah, tanggal 13 Sura Alip 1795, kaleres windu Sengara, kanthi sinengkalan "Buta sanga nunggang wulan", utawi tanggal 13 Muharam 1283 Hijriyah, utawi tanggal 28 Mèi 1866 Masèhi. Nitik saking titi kala kasebat, saged kagarba bilih tèks ingkang kaserat ing naskah menika umuripun sampun cekap sepuh. Naskah menika autograf menapa tedhakan, dèrèng saged dipunpesthèkaken, jer dèrèng wonten naskah Sri Nata vèrsi sanèsipun. *(Anton Suparnjo Dipomenggolo)*

SRI NATA

PUPUH 1. SINOM

1. Duk purwa manggitèng sastra/ Nujuri Jemaat nenggih/Kaliwon gathita éka/ Siang nujwèng amarengi/ Mukharam kang candraki/ Tigawelas purnamèku/ Warsèng alumeksana/ Mangsanya kasa nglenggahi/ Winarna anenggih ing sangkalanira//

2. Buta sanga nunggang wulan/ Dé étangira kang nulis/ Sisiping lukitèng sastra/ Priyagung kang maos tulis/ Haywa kirang aksami/ Gumunggung paksa manurun/ Kumawi amujangga/ Datan wri bodhoning dhiri/ Datan wandé dadya paguywan kang mulat//



3. Sangking kacaryan miyarsa/ Wedharé kang carita di/ Palupi ing kina-kina/ Sejarah naléndrèng Jawi/ Bintara kang murwani/ Wedharing agamèng Rasul/ Titah ing nusa Jawa/ Purwa nut saréngat Nabi/ Mangké gantya nenggih ingkang winursita//

4. Semana ing dinten soma/ Pakumpulan para wali/ Sri Naléndra ing Bintara/ Binangun adeging aji/ Sedaya angèstrèni/ Nama Sénapati Jibu/ Panembahan Palémbang/ Punika bisikan aji/ Wus misuwur pra dipati tanah Jawa//

5. Déné ta pepatihira/ Jalma sangking Ngatasangin/ Jejuluk Patih Mangkurat/ Puniku ingkang sesiwi/ Ki Wanapala singgih/ Hangejawa mulanipun/ Lajeng tetuka Demak/ Sutanya kinarya Patih/ Wicaksana Patih Mangkurat widigdya//

6. Pecat tandha kang winarna/ Wus mantuk terung negari/ Bendhéné aran Ki Macan/ Tinilarken mring kang siwi/ Kang dipun wasiati/ Tinagih Suhunan Kudus/ Ya ta malih kocapa/ Pramèswari Dyarawati/ Putri Cempa garwanira Brawijaya//

7. Tan tumut marang kang raka/ Sakbedhahé Maospahit/ Apan kedah séda Islam/ Binekta marang Sang Yagi/ Sinuwun Bénang nguni/ Déné sampun sanget sepuh/ Wus séda anèng Bénang/ Sinaré Karang Kemuni/ Ya ta wonten tyang agung kang cinarita//

8. Pepelayon Majalengka/ Kyai Juru kang wewangi/ Kala kawoné Sang Nata/ Aprang lan putra pribadi/ Kyai Juru kawarni/ Kang mantu Brawijayèku/ Lumayu lan kang putra/ Pawèstri kawelas asih/ Ya ta pisah lan ibu binektèng rama//

9. Lampahnya amurang marga/ Manjing wana melwèng curi/ Anusup wana gerotan/ Pringgabaya tan ketolih/ Jurang jro dènlebeti/ Ki Juru lawan kang sunu/ Saya kalunta-lunta/ Lampahnya sangsaya tebih/ Kawarnaa ya ta amanggih pretapan//

10. Ing gunung Ngeduk namanya/ Lajeng dhedhukuh anenggih/ Wus nanem kitri semana/ Jagung canthèl lawan jali/ Gudhé kacang kacipir/ Gandum kalawan juwawut/ Bondhèt lan kara ya na/ Jugul kelawan kemuning/ Asri éndah pepagan awarna-warna//

11. Bebanjengan sri kawuryan/ Apan sedaya mepeki/ Sangsaya lami winarna/ Ki Juru nggènnya nenepi/ Putra èstri winarni/ Wus diwasa mangsanipun/ Birahi sanglir retna/ Ing karsa ya ambayahi/ Arsa siram wau sang retna juwita//

Dongeng ꦢꦺꦴꦁꦒꦺꦔ

Pituture Jempol

Ki Sugeng Subagya

ANA ing crita wayang pandhawa iku anak Pandhu. Cacahe ana lima, yaiku Yudhistira, Bima, Harjuna, Nakula, lan Sadewa. Anak Pandhu iku tuladha kang becik. Ing antarane siji lan sijine guyub rukun ora seneng congkrah. Uripe sebaya mukti sebaya mati. Menawa siji ana sing mulya, kabeh kudu melu mulya. Sing siji lagi ketaman panandhang, kabeh melu ngrasakake.

Urip seduluran pancen kudu mengkono. Ora ana paedahe lamun wong urip mung nuruti karepe dhewe. Jothakan, dahwen, kemeren, lan serikan kudu disingkiri. Akeh banget paedahe wong seduluran sing guyub rukun. Menawa ana bot repote ing antarane siji lan sijine, liyane bisa sabyantu ngentheng-enthengi.

Seduluran sing guyub rukun iku ana loro dedhasare. Kurmat marang sing luwih tuwa lan welas asih marang sing luwih enom. Mbok menawa kala mangsane ana salah sijine sing lali banjur dadi sebab ora rukun, dadi kewajiban liyane kanggo ngelingake murih seduluran bali becik maneh.

Dongenge Driji

Drijine menungsa saben tangan iku ya ana lima. Sing paling gedhe tur cendhek kuwi jenenge Jempol. Sandhinge Jempol jenenge Penuduh utawa Penuding. Sisihe Penuding ana driji sing paling dhuwur, jenenge Penunggul. Sisihe Penunggul jenenge Manis. Ingkang pungkasan yaiku driji sing cilik dhewe, jenenge Jenthik.

Pralambang guyub rukune driji lima uga ora kalah karo guyub rukune Pandhawa. Jempol ora ana gunane lamun driji lima ora gemrayah obah. Penuding iku kanggo panutan tumrap driji liyane. Penunggul senadyan paling dhuwur ananging ora umuk sesongaran adigang adigung adiguna. Dene Manis, senadyan disenengi dening liyan kudu tetap ngajeni marang sing nyenengi. Jenthik pinangka wuragil ora seneng ngothak-athik marang urusane liyan.

Coba padha digatekke, lumrahe yen ana wong nganggo ali-ali mesthi dipapanake ana ing driji Manis. Mula manise driji Manis katon tansaya manis. Semonoa driji liyane ora meri. Jempol, Penuding, Penunggul, lan Jenthik padha sarujuk ing panemu. Manise si Manis uga bakal dadi memanise driji liyane.

Ing sawijine dina ana kedadeyan. Mbuh apa sababe, dumadakan Manis kandha marang Jenthik. Mengkene kandhane:

"Jenthik, si Penunggul patenana"

Eba kagete Jenthik krungu pakone Manis, geneya si Penunggul kudu dipateni. Jenthik terus miterang marang Manis:

"Penunggul salahe apa?"

Manis aweh wangsulan:

"Jalaran ngungkul-ungkuli".

Krungu wangsulane Manis, si Jenthik tansaya bingung. Mung merga ngungkul-ungkuli wae kok kudu dipateni. Saking bingunge si Jenthik, banjur kandha marang Jempol. Jempol ora sarujuk karo pakone si Manis. Kandhane Jempol marang Jenthik:

"Aja Dhi, Wong tuwa kuwi malati".


Bebarengan karo iku, Penuding urun rembug pikukuh marang pituture Jempol"

"Lah iyo bener kandhamu".

Jempol banjur mbacutake pituture:

"Lali sumber, ketiwasan".

Isih ana bejane, sedulur driji gelem bangun miturut marang pituture Jempol. Pangojok-ojoke Manis supaya matine Penunggul ora dilakoni dening Jenthik. Dene Manis ngrumangsani lupute, banjur njaluk pangapura marang Penunggul lan kabeh sedulure. Bakal kedadeyan dredah lamun Jenthik ora nggugu marang



pituture Jempol. Mesthi kedadeyan rajapati. Sedulur driji bakal kelangan salah sijine.

Dudutane dongeng iki aweh piwulang budi pekerti luhur. Saben uwong iku wis ana pesthine dhewe-dhewe. Menawa ana sing tumindak kleru, mula dadi kuwajiban padha dene ngelingake. Sing rumangsa luput kudu njaluk pangapura. Dene sing dijaluki pangapura uga ora kena owel aweh pangapura. Kabeh mau ing ngajab murih paseduluran tetap langggeng guyub rukun, samad-sinamadan, ijol-ijolan butuh. Tansah eling lan waspada dadi kuncine urip srawung ing paseduluran.***

KI

SUGENG SUBAGYA,
Pamong Tamansiswa ing Ngayogyakarta.

ILUSTRASI
MULYANTARA

Siti karo Slamet

7

—Ya wis ya mung mulih ya wis ora usah nganti sore ya.

—Lha ngapa ta kok ora usah nganti sore Siti ya mengko ya wis ya.

—Mbok dhi ora usah nglarang mengko ya ora ya.

—Ora ya ora ya ora ya

ꢀꢁꢂꢃ ꢄꢅꢆꢇ ꢈꢉꢊꢋ ꢌꢍꢎꢏ ꢐꢑꢒꢓ ꢔꢕꢖꢗ ꢘꢙꢚꢛ ꢜꢝꢞꢟ ꢠꢡꢢꢣ ꢤꢥꢦꢧ ꢨꢩꢪꢫ ꢬꢭꢮꢯ ꢰꢱꢲꢳ ꢴꢵꢶꢷ ꢸꢹꢺꢻ ꢼꢽꢾꢿ ꣀꣁꣂꣃ ꣄ꣅ꣆꣇ ꣈꣉꣊꣋ ꣌꣍꣎꣏ ꣐꣑꣒꣓ ꣔꣕꣖꣗ ꣘꣙꣚꣛ ꣜꣝꣞꣟ ꣠꣡꣢ ꣤꣥ ꣦ ꣧ ꣨ ꣩ ꣪ ꣫ ꣬ ꣭ ꣮ ꣯ ꣰ ꣱ ꣲ ꣳ ꣴ ꣵ ꣶ ꣷ ꣸ ꣹ ꣺ ꣻ ꣼ ꣽ ꣾ ꣿ ꤀ ꤁ ꤂ ꤃ ꤄ ꤅ ꤆ ꤇ ꤈ ꤉ ꤊ ꤋ ꤌ ꤍ ꤎ ꤏ ꤐ ꤑ ꤒ ꤓ ꤔ ꤕ ꤖ ꤗ ꤘ ꤙ ꤚ ꤛ ꤜ ꤝ ꤞ ꤟ ꤠ ꤡ ꤢ ꤣ ꤤ ꤥ ꤦ ꤧ ꤨ ꤩ ꤪ ꤫ ꤬ ꤭ ꤮ ꤯ ꤰ ꤱ ꤲ ꤳ ꤴ ꤵ ꤶ ꤷ ꤸ ꤹ ꤺ ꤻ ꤼ ꤽ ꤾ ꤿ ꥀ ꥁ ꥂ ꥃ ꥄ ꥅ ꥆ ꥇ ꥈ ꥉ ꥊ ꥋ ꥌ ꥍ ꥎ ꥏ ꥐ ꥑ ꥒ ꥓ ꥔ ꥕ ꥖ ꥗ ꥘ ꥙ ꥚ ꥛ ꥜ ꥝ ꥞ ꥟ ꥠ ꥡ ꥢ ꥣ ꥤ ꥥ ꥦ ꥧ ꥨ ꥩ ꥪ ꥫ ꥬ ꥭ ꥮ ꥯ ꥰ ꥱ ꥲ ꥳ ꥴ ꥵ ꥶ ꥷ ꥸ ꥹ ꥺ ꥻ ꥼ ꥽ ꥾ ꥿ ꦀ ꦁ ꦂ ꦃ ꦄ ꦅ ꦆ ꦇ ꦈ ꦉ ꦊ ꦋ ꦌ ꦍ ꦎ ꦏ ꦐ ꦑ ꦒ ꦓ ꦔ ꦕ ꦖ ꦗ ꦘ ꦙ ꦚ ꦛ ꦜ ꦝ ꦞ ꦟ ꦠ ꦡ ꦢ ꦣ ꦤ ꦥ ꦦ ꦧ ꦨ ꦩ ꦪ ꦫ ꦬ ꦭ ꦮ ꦯ ꦰ ꦱ ꦲ ꦳ ꦴ ꦵ ꦶ ꦷ ꦸ ꦹ ꦺ ꦻ ꦼ ꦽ ꦾ ꦿ ꧀ ꧁ ꧂ ꧃ ꧄ ꧅ ꧆ ꧇ ꧈ ꧉ ꧊ ꧋ ꧌ ꧍ ꧎ ꧏ ꧐ ꧑ ꧒ ꧓ ꧔ ꧕ ꧖ ꧗ ꧘ ꧙ ꧚ ꧛ ꧜ ꧝ ꧞ ꧟ ꧠ ꧡ ꧢ ꧣ ꧤ ꧥ ꧦ ꧧ ꧨ ꧩ ꧪ ꧫ ꧬ ꧭ ꧮ ꧯ ꧰ ꧱ ꧲ ꧳ ꧴ ꧵ ꧶ ꧷ ꧸ ꧹ ꧺ ꧻ ꧼ ꧽ ꧾ ꧿ ꨀ ꨁ ꨂ ꨃ ꨄ ꨅ ꨆ ꨇ ꨈ ꨉ ꨊ ꨋ ꨌ ꨍ ꨎ ꨏ ꨐ ꨑ ꨒ ꨓ ꨔ ꨕ ꨖ ꨗ ꨘ ꨙ ꨚ ꨛ ꨜ ꨝ ꨞ ꨟ ꨠ ꨡ ꨢ ꨣ ꨤ ꨥ ꨦ ꨧ ꨨ ꨩ ꨪ ꨫ ꨬ ꨭ ꨮ ꨯ ꨰ ꨱ ꨲ ꨳ ꨴ ꨵ ꨶ ꨷ ꨸ ꨹ ꨺ ꨻ ꨼ ꨽ ꨾ ꨿ ꩀ ꩁ ꩂ ꩃ ꩄ ꩅ ꩆ ꩇ ꩈ ꩉ ꩊ ꩋ ꩌ ꩍ ꩎ ꩏ ꩐ ꩑ ꩒ ꩓ ꩔ ꩕ ꩖ ꩗ ꩘ ꩙ ꩚ ꩛ ꩜ ꩝ ꩞ ꩟ ꩠ ꩡ ꩢ ꩣ ꩤ ꩥ ꩦ ꩧ ꩨ ꩩ ꩪ ꩫ ꩬ ꩭ ꩮ ꩯ ꩰ ꩱ ꩲ ꩳ ꩴ ꩵ ꩶ ꩷ ꩸ ꩹ ꩺ ꩻ ꩼ ꩽ ꩾ ꩿ ꪀ ꪁ ꪂ ꪃ ꪄ ꪅ ꪆ ꪇ ꪈ ꪉ ꪊ ꪋ ꪌ ꪍ ꪎ ꪏ ꪐ ꪑ ꪒ ꪓ ꪔ ꪕ ꪖ ꪗ ꪘ ꪙ ꪚ ꪛ ꪜ ꪝ ꪞ ꪟ ꪠ ꪡ ꪢ ꪣ ꪤ ꪥ ꪦ ꪧ ꪨ ꪩ ꪪ ꪫ ꪬ ꪭ ꪮ ꪯ ꪰ ꪱ ꪲ ꪳ ꪴ ꪵ ꪶ ꪷ ꪸ ꪹ ꪺ ꪻ ꪼ ꪽ ꪾ ꪿ ꫀ ꫁ ꫂ ꫃ ꫄ ꫅ ꫆ ꫇ ꫈ ꫉ ꫊ ꫋ ꫌ ꫍ ꫎ ꫏ ꫐ ꫑ ꫒ ꫓ ꫔ ꫕ ꫖ ꫗ ꫘ ꫙ ꫚ ꫛ ꫜ ꫝ ꫞ ꫟ ꫠ ꫡ ꫢ ꫣ ꫤ ꫥ ꫦ ꫧ ꫨ ꫩ ꫪ ꫫ ꫬ ꫭ ꫮ ꫯ ꫰ ꫱ ꫲ ꫳ ꫴ ꫵ ꫶ ꫷ ꫸ ꫹ ꫺ ꫻ ꫼ ꫽ ꫾ ꫿ ꬀ ꬁ ꬂ ꬃ ꬄ ꬅ ꬆ ꬇ ꬈ ꬉ ꬊ ꬋ ꬌ ꬍ ꬎ ꬏ ꬐ ꬑ ꬒ ꬓ ꬔ ꬕ ꬖ ꬗ ꬘ ꬙ ꬚ ꬛ ꬜ ꬝ ꬞ ꬟ ꬠ ꬡ ꬢ ꬣ ꬤ ꬥ ꬦ ꬧ ꬨ ꬩ ꬪ ꬫ ꬬ ꬭ ꬮ ꬯ ꬰ ꬱ ꬲ ꬳ ꬴ ꬵ ꬶ ꬷ ꬸ ꬹ ꬺ ꬻ ꬼ ꬽ ꬾ ꬿ ꭀ ꭁ ꭂ ꭃ ꭄ ꭅ ꭆ ꭇ ꭈ ꭉ ꭊ ꭋ ꭌ ꭍ ꭎ ꭏ ꭐ ꭑ ꭒ ꭓ ꭔ ꭕ ꭖ ꭗ ꭘ ꭙ ꭚ ꭛ ꭜ ꭝ ꭞ ꭟ ꭠ ꭡ ꭢ ꭣ ꭤ ꭥ ꭦ ꭧ ꭨ ꭩ ꭪ ꭫ ꭬ ꭭ ꭮ ꭯ ꭰ ꭱ ꭲ ꭳ ꭴ ꭵ ꭶ ꭷ ꭸ ꭹ ꭺ ꭻ ꭼ ꭽ ꭾ ꭿ ꮀ ꮁ ꮂ ꮃ ꮄ ꮅ ꮆ ꮇ ꮈ ꮉ ꮊ ꮋ ꮌ ꮍ ꮎ ꮏ ꮐ ꮑ ꮒ ꮓ ꮔ ꮕ ꮖ ꮗ ꮘ ꮙ ꮚ ꮛ ꮜ ꮝ ꮞ ꮟ ꮠ ꮡ ꮢ ꮣ ꮤ ꮥ ꮦ ꮧ ꮨ ꮩ ꮪ ꮫ ꮬ ꮭ ꮮ ꮯ ꮰ ꮱ ꮲ ꮳ ꮴ ꮵ ꮶ ꮷ ꮸ ꮹ ꮺ ꮻ ꮼ ꮽ ꮾ ꮿ ꯀ ꯁ ꯂ ꯃ ꯄ ꯅ ꯆ ꯇ ꯈ ꯉ ꯊ ꯋ ꯌ ꯍ ꯎ ꯏ ꯐ ꯑ ꯒ ꯓ ꯔ ꯕ ꯖ ꯗ ꯘ ꯙ ꯚ ꯛ ꯜ ꯝ ꯞ ꯟ ꯠ ꯡ ꯢ ꯣ ꯤ ꯥ ꯦ ꯧ ꯨ ꯩ ꯪ ꯫ ꯬ ꯭ ꯮ ꯯ ꯰ ꯱ ꯲ ꯳ ꯴ ꯵ ꯶ ꯷ ꯸ ꯹ ꯺ ꯻ ꯼ ꯽ ꯾ ꯿ ﬀ ﬁ ﬂ ﬃ ﬄ ﬅ ﬆ ﬓ ﬔ ﬕ ﬖ ﬗ ﬠ ﬡ ﬢ ﬣ ﬤ ﬥ ﬦ ﬧ ﬩ ﬨ ﬷ טּ יּ ךּ כּ לּ ﬽ מּ ﬿ נּ סּ ﭂ ףּ פּ ﭅ צּ קּ רּ שּ תּ וֹ בֿ כֿ פֿ ﭏ ﭐ ﭑ ﭒ ﭓ ﭔ ﭕ ﭖ ﭗ ﭘ ﭙ ﭚ ﭛ ﭜ ﭝ ﭞ ﭟ ﭠ ﭡ ﭢ ﭣ ﭤ ﭥ ﭦ ﭧ ﭨ ﭩ ﭪ ﭫ ﭬ ﭭ ﭮ ﭯ ﭰ ﭱ ﭲ ﭳ ﭴ ﭵ ﭶ ﭷ ﭸ ﭹ ﭺ ﭻ ﭼ ﭽ ﭾ ﭿ ﮀ ﮁ ﮂ ﮃ ﮄ ﮅ ﮆ ﮇ ﮈ ﮉ ﮊ ﮋ ﮌ ﮍ ﮎ ﮏ ﮐ ﮑ ﮒ ﮓ ﮔ ﮕ ﮖ ﮗ ﮘ ﮙ ﮚ ﮛ ﮜ ﮝ ﮞ ﮟ ﮠ ﮡ ﮢ ﮣ ﮤ ﮥ ﮦ ﮧ ﮨ ﮩ ﮪ ﮫ ﮬ ﮭ ﮮ ﮯ ﮰ ﮱ ﮲ ﮳ ﮴ ﮵ ﮶ ﮷ ﮸ ﮹ ﮺ ﮻ ﮼ ﮽ ﮾ ﮿ ﯀ ﯁ ﯂ ﯃ ﯄ ﯅ ﯆ ﯇ ﯈ ﯉ ﯊ ﯋ ﯌ ﯍ ﯎ ﯏ ﯐ ﯑ ﯒ ﯓ ﯔ ﯕ ﯖ ﯗ ﯘ ﯙ ﯚ ﯛ ﯜ ﯝ ﯞ ﯟ ﯠ ﯡ ﯢ ﯣ ﯤ ﯥ ﯦ ﯧ ﯨ ﯩ ﯪ ﯫ ﯬ ﯭ ﯮ ﯯ ﯰ ﯱ ﯲ ﯳ ﯴ ﯵ ﯶ ﯷ ﯸ ﯹ ﯺ ﯻ ﯼ ﯽ ﯾ ﯿ ﰀ ﰁ ﰂ ﰃ ﰄ ﰅ ﰆ ﰇ ﰈ ﰉ ﰊ ﰋ ﰌ ﰍ ﰎ ﰏ ﰐ ﰑ ﰒ ﰓ ﰔ ﰕ ﰖ ﰗ ﰘ ﰙ ﰚ ﰛ ﰜ ﰝ ﰞ ﰟ ﰠ ﰡ ﰢ ﰣ ﰤ ﰥ ﰦ ﰧ ﰨ ﰩ ﰪ ﰫ ﰬ ﰭ ﰮ ﰯ ﰰ ﰱ ﰲ ﰳ ﰴ ﰵ ﰶ ﰷ ﰸ ﰹ ﰺ ﰻ ﰼ ﰽ ﰾ ﰿ ﱀ ﱁ ﱂ ﱃ ﱄ ﱅ ﱆ ﱇ ﱈ ﱉ ﱊ ﱋ ﱌ ﱍ ﱎ ﱏ ﱐ ﱑ ﱒ ﱓ ﱔ ﱕ ﱖ ﱗ ﱘ ﱙ ﱚ ﱛ ﱜ ﱝ ﱞ ﱟ ﱠ ﱡ ﱢ ﱣ ﱤ ﱥ ﱦ ﱧ ﱨ ﱩ ﱪ ﱫ ﱬ ﱭ ﱮ ﱯ ﱰ ﱱ ﱲ ﱳ ﱴ ﱵ ﱶ ﱷ ﱸ ﱹ ﱺ ﱻ ﱼ ﱽ ﱾ ﱿ ﲀ ﲁ ﲂ ﲃ ﲄ ﲅ ﲆ ﲇ ﲈ ﲉ ﲊ ﲋ ﲌ ﲍ ﲎ ﲏ ﲐ ﲑ ﲒ ﲓ ﲔ ﲕ ﲖ ﲗ ﲘ ﲙ ﲚ ﲛ ﲜ ﲝ ﲞ ﲟ ﲠ ﲡ ﲢ ﲣ ﲤ ﲥ ﲦ ﲧ ﲨ ﲩ ﲪ ﲫ ﲬ ﲭ ﲮ ﲯ ﲰ ﲱ ﲲ ﲳ ﲴ ﲵ ﲶ ﲷ ﲸ ﲹ ﲺ ﲻ ﲼ ﲽ ﲾ ﲿ ﳀ ﳁ ﳂ ﳃ ﳄ ﳅ ﳆ ﳇ ﳈ ﳉ ﳊ ﳋ ﳌ ﳍ ﳎ ﳏ ﳐ ﳑ ﳒ ﳓ ﳔ ﳕ ﳖ ﳗ ﳘ ﳙ ﳚ ﳛ ﳜ ﳝ ﳞ ﳟ ﳠ ﳡ ﳢ ﳣ ﳤ ﳥ ﳦ ﳧ ﳨ ﳩ ﳪ ﳫ ﳬ ﳭ ﳮ ﳯ ﳰ ﳱ ﳲ ﳳ ﳴ ﳵ ﳶ ﳷ ﳸ ﳹ ﳺ ﳻ ﳼ ﳽ ﳾ ﳿ ﴀ ﴁ ﴂ ﴃ ﴄ ﴅ ﴆ ﴇ ﴈ ﴉ ﴊ ﴋ ﴌ ﴍ ﴎ ﴏ ﴐ ﴑ ﴒ ﴓ ﴔ ﴕ ﴖ ﴗ ﴘ ﴙ ﴚ ﴛ ﴜ ﴝ ﴞ ﴟ ﴠ ﴡ ﴢ ﴣ ﴤ ﴥ ﴦ ﴧ ﴨ ﴩ ﴪ ﴫ ﴬ ﴭ ﴮ ﴯ ﴰ ﴱ ﴲ ﴳ ﴴ ﴵ ﴶ ﴷ ﴸ ﴹ ﴺ ﴻ ﴼ ﴽ ﴾ ﴿ ﵀ ﵁ ﵂ ﵃ ﵄ ﵅ ﵆ ﵇ ﵈ ﵉ ﵊ ﵋ ﵌ ﵍ ﵎ ﵏ ﵐ ﵑ ﵒ ﵓ ﵔ ﵕ ﵖ ﵗ ﵘ ﵙ ﵚ ﵛ ﵜ ﵝ ﵞ ﵟ ﵠ ﵡ ﵢ ﵣ ﵤ ﵥ ﵦ ﵧ ﵨ ﵩ ﵪ ﵫ ﵬ ﵭ ﵮ ﵯ ﵰ ﵱ ﵲ ﵳ ﵴ ﵵ ﵶ ﵷ ﵸ ﵹ ﵺ ﵻ ﵼ ﵽ ﵾ ﵿ ﶀ ﶁ ﶂ ﶃ ﶄ ﶅ ﶆ ﶇ ﶈ ﶉ ﶊ ﶋ ﶌ ﶍ ﶎ ﶏ ﶐ ﶑ ﶒ ﶓ ﶔ ﶕ ﶖ ﶗ ﶘ ﶙ ﶚ ﶛ ﶜ ﶝ ﶞ ﶟ ﶠ ﶡ ﶢ ﶣ ﶤ ﶥ ﶦ ﶧ ﶨ ﶩ ﶪ ﶫ ﶬ ﶭ ﶮ ﶯ ﶰ ﶱ ﶲ ﶳ ﶴ ﶵ ﶶ ﶷ ﶸ ﶹ ﶺ ﶻ ﶼ ﶽ ﶾ ﶿ ﷀ ﷁ ﷂ ﷃ ﷄ ﷅ ﷆ ﷇ ﷈ ﷉ ﷊ ﷋ ﷌ ﷍ ﷎ ﷏ ﷐ ﷑ ﷒ ﷓ ﷔ ﷕ ﷖ ﷗ ﷘ ﷙ ﷚ ﷛ ﷜ ﷝ ﷞ ﷟ ﷠ ﷡ ﷢ ﷣ ﷤ ﷥ ﷦ ﷧ ﷨ ﷩ ﷪ ﷫ ﷬ ﷭ ﷮ ﷯ ﷰ ﷱ ﷲ ﷳ ﷴ ﷵ ﷶ ﷷ ﷸ ﷹ ﷺ ﷻ ﷼ ﷽ ﷾ ﷿ ﹀ ﹁ ﹂ ﹃ ﹄ ﹅ ﹆ ﹇ ﹈ ﹉ ﹊ ﹋ ﹌ ﹍ ﹎ ﹏ ﹐ ﹑ ﹒ ﹓ ﹔ ﹕ ﹖ ﹗ ﹘ ﹙ ﹚ ﹛ ﹜ ﹝ ﹞ ﹟ ﹠ ﹡ ﹢ ﹣ ﹤ ﹥ ﹦ ﹧ ﹨ ﹩ ﹪ ﹫ ﹬ ﹭ ﹮ ﹯ ﹰ ﹱ ﹲ ﹳ ﹴ ﹵ ﹶ ﹷ ﹸ ﹹ ﹺ ﹻ ﹼ ﹽ ﹾ ﹿ ﺀ ﺁ ﺂ ﺃ ﺄ ﺅ ﺆ ﺇ ﺈ ﺉ ﺊ ﺋ ﺌ ﺍ ﺎ ﺏ ﺐ ﺑ ﺒ ﺓ ﺔ ﺕ ﺖ ﺗ ﺘ ﺙ ﺚ ﺛ ﺜ ﺝ ﺞ ﺟ ﺠ ﺡ ﺢ ﺣ ﺤ ﺥ ﺦ ﺧ ﺨ ﺩ ﺪ ﺫ ﺬ ﺭ ﺮ ﺯ ﺰ ﺱ ﺲ ﺳ ﺴ ﺵ ﺶ ﺷ ﺸ ﺹ ﺺ ﺻ ﺼ ﺽ ﺾ ﺿ ﻀ ﻁ ﻂ ﻃ ﻄ ﻅ ﻆ ﻇ ﻈ ﻉ ﻊ ﻋ ﻌ ﻍ ﻎ ﻏ ﻐ ﻑ ﻒ ﻓ ﻔ ﻕ ﻖ ﻗ ﻘ ﻙ ﻚ ﻛ ﻜ ﻝ ﻞ ﻟ ﻠ ﻡ ﻢ ﻣ ﻤ ﻥ ﻦ ﻧ ﻨ ﻩ ﻪ ﻫ ﻬ ﻭ ﻮ ﻯ ﻰ ﻱ ﻲ ﻳ ﻴ ﻵ ﻶ ﻷ ﻸ ﻹ ﻺ ﻻ ﻼ ﻽ ﻾

ꦏꦩꦥꦶꦛ ꦱꦏ꧀ꦶꦁ **Siti karo Slamet** *(1931) dening Mas Samoed Sastrawardaya. Wedalan J. B. Wolters Groningen- Batatvia*

(foto-fit)



Macapat

Laku kang Disenengi Wong

WARISMAN

GAMBUH

I
Ha- ngaturaken Gambuh
Na- mi sekar warisan leluhur
Ca- ra kuna ngaturi wasita adi
Ra- hayua kang ginayuh
Ka- nggo bebrayan kabeh wong

II
Da- lan bener tinempuh
Ta- ta krama nyingkiri pakewuh
Sa- barang laku petungen kang teliti
Wa- jib ngajeni pra sepuh
La- ku kang disenengi wong

III
Pa- pan ngaturi iguh
Dha- wah ngandhap nylondhohi pra sepuh
Ja- nganti njalari runtiking ati
Ya- diudi merak ati
Nya- ta gawe senenge wong

IV
Ma- capat Sekar Gambuh
Ga- we nglipur ati lagi ewuh
Ba- bar lelakon kang nglarani ati
Tha- ra putri dongeng kuna
Nga- puranta lepat ingong

WARISAMAN, juru warta, guru tembang,
Kaliajir Lor RT 05 RW 12 Kalitirto Berbah Sleman
55573

(foto-fit)

Geguritan ꦒꦺꦒꦸꦂꦶꦠꦤ꧀

VE NANING

Kenya tan kinira...

Dumadining crita kaya kahanan sing angel diwaca
Rantamaning lelakon kadya lakuning pakeliran rina
Kabeh sing cinathet ing sejarahing urip kacihna
Lan tan kendhat dayane, ngobahake swasana
Kabeh ora bisa endha, tanpa daya...

Sapa ngira wanita saka ndesa cilik iki wani
Sapa ngerti ana dayaning ati sing nggawa geni
Ngobong sakehing lelakon nggegirisi dadi crita wingi
Ora ninggal palaganing urip, setya tanpa suthik mati
Gawe crita pakeliran urip kadya wangsiting Gusti

Sapa sing bakal wani kandha...
Lamun aku wis pinerjaya lan tanpa nyawa
Delengen jangkahku isih kuwat nyangga perbawa
Dumuken kringetku isih wangi mbabar kembang megar
Tanpa wedi kelangan crita sing wis cabar
Lan tetep ngugemi paugeraning urip sing kababar

Deresan, 27 April 2021

Anggone caturan tansah ngrungkepi tata krama
Kepengin nuetepi jati dhirining wanita utama
Sing ora tau neka-neka

Ibuku nyambut gawe ing pawiyatan minangka guru
Nanging saiki atine rumangsa kecucuk ing paku
Kesirep swaraning angin nggawa kekesing ati beku
Prehatin marang bocah-bocah jaman saiki sing ora gelem maelu
Paugeraning urip mung kepengen ngrengkuh segara madu
Nanging lali marang purwa duksinaning jalma lelaku
Kamangka urip kuwi mung sawetara wektu
Ibuku nggrantes atine rojah rajeh kebak tatu
Lan kuwi uga dadi rasaku, dadi rasamu
para wanita sing kadhapuk minangka ibu
banjur tekan ngendi jangkahmu wis maelu putramu???

Deresan, 28421

Ibuku Panutanku

Ibuku dudu priyayi turas trahing ngaluhur
Nanging tansah mundhi darmaning ngaluhur
Ibuku dudu tedhak turune trah rembesing madu
Naning saben dinane makarya minangka guru

Ibuku pancen mung wanita saka karang padesan
Ora seneng nunjang-nunjang nerjang paugeran
Ora seneng ndungsang-ndungsang nerak pranatan
Kabeh uripe ditata lan dicawiske kanthi premana
Kabeh lakune diangkah apike lan kebak subasita
solah bawane apa anane tansah prasaja



(foto-ilt)

TITIAN PINTA

Kartini Guru Urip

Bisa sesandhingan klawan kaum priya
Bisa umbul drajat pangkat wanodya
Bisa njereng njejeging impen
Iku luh lan riwe ibu Kartini naika semana

Bisa dadi mentri
Bisa dadi bupati, bisa sesandhangan pangkat,
lan tansah sunubya saindhenging jagat
Iku ibu Kartini jaman saiki

Bisa sengkud ngobahke bau suku
Tan sambat sinebut
Grayang-grayang ngupadi rejeki
Ngangsak saparan-paran
Cilik dadi menir, gedhe dadi upa
Kanggo nyambung ilining getih daging, aku lan tunggal-tunggaku
Iku mau lampah Kartini sejati ing uripku.. IBU.

Sor tower Banyumili April 2021



(foto-fit)

Sangganing Darma

Durung pernah anggonmu lenggah
Durung tutug aggonmu ngaso
Swara sirine ambulan
Jlerat-jlerit tansah ngawe cancut ing tumandang.

Sliramu wasis anggonmu milang lan miling.
Nadyan kebak ing sumelang
Tan kendhat mikir nadyan kebak kuwatir
Darma lan kuwajiban tansah dadi kautaman

Jejeg ngadhang pageblug
Jejer pasrah sumarah
Negesi memala kang lagi njiret donya.

Byuuh,
Kanthi groyohing tembung
Kanthi prembenging netra
Tansah ora mentala anyenyawang
Raga lan laya pating glimpang

Geneya isih ana kang gela?
Geneya isih ana kang dhemen milara?
Geneya isih ana kang nyawang nganggo sisihing netra

Sor tower Banyumili April 2021



Thinthingan

Novel Pepati, Dudu Jagading Lelembut

Judhul :
PEPATI
Pengarang :
Agus Suprihono
Kaca :
242
Penerbit :
Buana Grafika
Cethakan :
Pertama, April 2021
ISBN :
978-623-7358-36-3

TNG nagara Kulonan akeh banget crita bab alam lelembut, nanging akeh uga ora dadi crita horor. Kepara, malah lelembut asring digawe eksperimen bab “anane” lan dianggep ora medeni. Suwalike ing bebrayan agung Jawa (malah Indonesia) yen lelembut kuwi akeh-akehe (muga-muga ora kabeh) medeni manungsa, ngganggu manungsa, lsp.

Ing kene, Agus Suprihono banjur nuhoni jejere minangka manungsa Jawa sing rasional. Antarane jagading manungsa (alam kasar) lan jagading roh (alam alus) kuwi bisa bae padha dene anggone gathuk lan katemu ing alaming manungsa ing alam donya. Kajaba iku, satemene lumantar novel sing judhule Pepati iki, satemene Agus Suprihono kepengin “nyuguhake” marang para maos pralambanging urip manungsa iku dhewe. Yen miturut basaku, antarane pepati lan uripe manungsa kuwi tipis banget watese. Mula iku, manungsa kuwi ing madyaning uripe digantha bisaa tansah ing pangati-ati murih ora kajomplorong ing ruweding wewadi.

Ngronce lelakon (embuh kuwi sing nyata utawa sing saka imajinasi) dadi sawijining carita pancen kudu adhedhasar kawasisan. Crita ora bisa kalakon dadi muyeg lan nyenengake manawa si pengarang ora wasis anggone nata balungan (struktur) carita. Mula, sanajan kuwi, upamane, crita sing cekak (crita cekak) menawa panatane struktur mau bisa karamu kanthi nyenengake, ora lidhok banjur akeh sing seneng. Samono uga, nalika maca novel basa Jawa kanthi irah-irahan Pepati anggitane Agus Suprihono iki.

Wiwitane nalika maca novel iki kaya-kaya para maos mung diajak nyemak lelakone para paraga (Darmaya, Kirman, Mayang, Ndaru, Ndari, Bowo, lsp) sing padha candhuk lawung minangka jejere manungsa sing padha tepung siji lan sijine. Ananging, sawuse anggo maca luwih bebles nganti rampung, banjur lagi padha manggalih yen critane ora mung “sawantah”, kepara critane dadi “surealis”, amarga ing kono banjur katempukake marang kahanan “nyata” lan “ora nyata”. Mula, saka sing mangkono mau critane dadi muyeg.

Muyeging crita kanthi adhedhasar kahanan sing mangkono iku, mesthi wus kasengaja dening si pengarang murih critane ora njuwarehi, kepara bisa “ngentirake” pangangen-angene para maos nganti pungkasane crita. Pengarang milih cara kang mangkene mau bisa kabadhe marga dheweke kuwi caket lan urip bebarengan karo budayaning wong Jawa, yaiku budaya sing seneng marang pralambang, pralampita, utawa menthering kasebut simbol. Apa-apa sing kapandukan utawa kasinungan dening wong Jawa, akeh sing banjur nggathukake karo pralambang. Wus padha kasinungan, conto sing gumelar lan akeh sing padha ngandhemi, menawa manuk prenjak ocehe ing wayah tartamtu bisa dadi pralambang tartamtu sing bakal kalakon. Sejene maneh, dina-dina tartamtu dadi awisan katuju jalaran ora cocok karo naga dinane, lan isih akeh maneh tuladha mlaha sing tumekane saiki isih padha dipercaya.

Satemene, papati iku ora kudu ditampa minangka prakarara kang medeni, amarga pati iku bakal nekani saben manungsa urip. Urip iku dhewe pancen wedadi mungguhing manungsa. Nyemak karo judhule, Pepati, novel iki pancen wus nuduhake bab wewadine urip, prakara kapan tekane, manungsa ora bisa aweh panjawab, amarga iku kagungan Kang Maha Kwasa. Mangkono, sing bisa kadudud saka underaning novel iki. Novel Jawa sing bisa kanggo conto tumrape pengarang liyane anggone njajahi jagading gagasan sing bisa katulis.

Alam alus lan alam kasar menawa diluluh dadi sawijining crita adhakake banjur nuwuhake sengsem tumrape wong Jawa. Mula, crita bab jagading lelembut dadi jinising sastra Jawa sing ora tau kasatan pamaos. Akeh sing seneng marga ing kono ana pralampita-pralampita sing bisa kanggo kaca benggala mungguhing wong urip ing ngalam donya sabanjure. Antarane Ndaru (malaekat pepati) lan Ndari (anake Darmaya) padha sambung katresnan kaya-kaya dudu barang aneh mungguhing bebrayan Jawa, jalaran akeh crita-crita jagading lelembut sing nyritakake sesambungane gendruwo (biasane lanang, sing wadon ana ora ya?) karo wong wadon, lsp. Nanging, ing novel iki dudu gendruwo (lelembute), nanging malah malaekat pepati. Yen digawe tataran, tatarane ing kene luwih dhuwur tinimbang gendruwo, awit saka iku angen-angene sing padha maca digawe “bingung” (amarga pitakon: banjur kepriye pungkasane?).

Dhanu Priyo Prabowo

ILUSTRASI MULYANTARA

KALIGRAFI: SUHADI



ꦄꦏ꧀ꦱꦫꦗꦮꦲꦚ꧀ꦗꦪꦺꦔ꧀ꦧꦮꦤ

Aksara Jawa hanjayèng bawana.